Райста йæ Республикæ
Хуссар Ирыстоны Парламент
2007 азы 10 октябры,

2008 азы 15 июлы ивындзинæдтимæ;
2018 азы 2 ноябры ивындзинæдтимæ;
2025 азы 14 апрелы ивындзинæдтимæ.

# РЕСПУБЛИКÆ ХУССАР ИРЫСТОНЫ ПРОКУРАТУРÆЙЫ ТЫХХÆЙ РЕСПУБЛИКÆ ХУССАР ИРЫСТОНЫ ЗАКЪОН

## 1 хай. ИУМÆЙАГ УАГÆВÆРДТÆ

### 1 уац. Республикæ Хуссар Ирыстоны прокуратурæ

1. Республикæ Хуссар Ирыстоны прокуратурæ у иумæйаг централизацигонд оргæнты системæ (дарддæр – прокуратурæйы оргæнтæ), кæцытæ паддзахады номæй æххæст кæнынц республикæ Хуссар Ирыстоны Конституци куыд æххæстгонд цæуы, закъонтæ, Республикæ Хуссар Ирыстоны Президенты Указтæ æмæ æндæр нормативон барадон акттæ æппæт Республикæ Хуссар Ирыстоны куыд æххæстгонд цæуынц, уымæ уæлдæр цæстдард.

2. Закъоны бархъомыс, иудзинад æмæ закъонондзинад сифтонг кæнын, адæймаджы æмæ æмбæстаджы бартæ æмæ сæрибардзинад, афтæ ма закъоны бар кæуыл цæуы, æхсæнады æмæ паддзахады интерестæ хъахъхъæныны нысанæн Республикæ Хуссар Ирыстоны прокуратурæ æххæст кæны:

1) Æххæстгæнæг хицауады органтæ, бынæттон паддзахадон хицаудзинады оргæнтæ, бынæттон хæдразамынады органтæ, æфсæддон разамынады органтæ, цæстдарды оргæнтæ, сæ бæрнон кусджытæ, коммерцион æмæ æнæкоммерцион организациты разамынады органтæ æмæ къухдариуæггæнджытæ закъон куыд

æххæст кæнынц, уымæ цæстдард, афтæ ма закъонимæ уыдоны арæзт барадон актты æмразыдзинадмæ цæстдард;

2) Æххæстгæнæг хицауады оргæнтæ, бынæттон паддзахадон хицаудзинады оргæнтæ, бынæттон хæдразамынады органтæ, æфсæддон разамынады органтæ, цæстдарды оргæнтæ, сæ бæрнон кусджытæ, афтæ ма разамынд дæттыны оргæнтæ æмæ коммерцион æмæ æнæкоммерцион организациты къухдариуæггæнджытæ адæймаджы æмæ æмбæстаджы бартæ æмæ сæрибардзинæдтæ куыд хъахъхъæнынц, уымæ цæстдард;

3) оперативон-фæдагурæн архайд, развæлгъау фæдагуырд æмæ фæдагуырды органтæ закъон куыд æххæст кæнынц, уымæ хъусдард;

4)тæрхондоны пъырыстыфтæ закъон куыд æххæст кæнынц, уымæ хъусдард;

5) æфхæрд æххæстгæнæг æмæ тæрхондоны снысангонд æнæбархион мадзæлттæ ифтонггæнæг органтæ æмæ уагдæтты администрацитæ, урæд æрцæуæг æмæ ахæсты уæвджыты дарæн бынæтты администрацитæ закъон куыд æххæст кæнынц, уымæ хъусдард;

6) Республикæ Хуссар Ирыстоны территорийыл архайæг уголовонпроцессуалон закъондæттынады æвæрд æххæстбартæм гæсгæ уголовон æфхæрд æххæст кæнынад;

7) фыдракæндты ныхмæ тохы фæдыл барадхъахъхъæнæг органты архайд координаци кæнынад;

3. Республикæ Хуссар Ирыстоны процессуалон закъондæттынадимæ æмразыйæ прокуроргæ хайад исынц тæрхондæттæ, арбитражон тæрхондæтты (дарддæр – тæрхондæттæ) хъуыддæгтæ æвзæрсты, æнæразыйы уынаффæ хæссынц закъоны

ныхмæ чи у, тæрхондæтты ахæм фæндæттæ, тæрхон рахастытæ, снысангæндтæ æмæ уынаффæты фæдыл.

4. Республикæ Хуссар Ирыстоны Прокуратурæ хайад исы закъонсфæлдыстадон архайды.

**2 уац. Æхсæнадæмон æмгуыстад**

Республикæ Хуссар Ирыстоны Прокуратурæ йæ барты фæлгæтты аразы комкоммæ бастдзинæдтæ фæсарæйнаг паддзахадты йе 'мбар организацитимæ, ис ын сразыдзинæдтæ аразыны бар барадон æххуыс æмæ фыдракæндты ныхмæ тохы фарстыты фæдыл.

**3 уац. Республикæ Хуссар Ирыстоны Прокуратурæйы архайды барадон бындуртæ**

Республикæ Хуссар Ирыстоны Прокуратурæйы архайды организаци æмæ прокурорты æххæстбартæ бæлвырд кæны Республикæ Хуссар Ирыстоны Конституци, ацы Закъон æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны территорийыл архайæг æндæр закъæттæ, Республикæ Хуссар Ирыстоны æхсæнадæмон бадзырдтæ.

Республикæ Хуссар Ирыстоны Прокуратурæйыл нæй гæнæн æмæ æвæрд æрцæуой, архайæг закъæттæ йыл кæй не 'вæрынц, ахæм функцитæ æмæ хæстæ.

**4 уац. Республикæ Хуссар Ирыстоны Прокуратурæйы организаци æмæ архайды принциптæ**

1. Республикæ Хуссар Ирыстоны Прокуратурæ аразы иугонд централизацигонд органтæ æмæ уагдæтты системæ æмæ архайы дæлдæр лæууæг прокурорты уæлдæр лæууæг прокурортæ æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуратурæйы дæлбар уæвыны бындурыл.

2. Прокуратурæйы органтæ:

1) пайда кæнынц се ‘ххæстбартæй паддзахады хицауады органтæ, паддзахады разамынады органтæ, бынæттон хæдразамынады органтæ, æхсæнадон иугæндтæ æмæ политикон партиты органтæй хæдбарæй Республикæ Хуссар Ирыстоны Конституци æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны территорийыл архайæг закъæттимæ æмразыйæ;

2) архайынц æргомæй, æмбæстæгты конституцион бартæ æмæ сæрибардзинæдтæ хъахъхъæныны тыххæй архайæг закъондæттынад, паддзахадон æмæ коммерцион сусæгдзинад цасбæрцæй нæ халынц, уыйбæрц.

3) рæстæгæй рæстæгмæ хъусын кæнынц паддзахадон хицауады органтæн, бынæттон хæдразамынады органтæн, Республикæ Хуссар Ирыстоны æхсæнадæн Республикæ Хуссар Ирыстоны закъонондзинад æмæ барвæткы уавæры тыххæй.

3. Прокуратурæйы органты уæвæн нæй политикон нысан кæмæн ис, уыцы æхсæнадон иугæндтæ æмæ сæ организациты арæзт, сæ архайдæн.

Прокурортæ æмæ сæ фæдысгарджытæ сæ службæйон архайды баст не сты æхсæнадон иугæндты рахаст фæндæттæй.

4. Прокуророн кусджытæн бар нæй сæ сæйраг куыстимæ ма иумæ кæной æндæр мыздыл кæнæ æнæмызд куыст, ахуыргæнæджы, зонадон кæнæ æндæр сфæлдыстадон куыстæй дарддæр. Уыимæ иумæ ахуыргæнæджы, зонадон кæнæ æндæр сфæлдыстадон куыст финансгонд ма хъуамæ цæуа æрмæст фæсарæйнаг паддзахадты, æхсæнадæмон æмæ фæсарæйнаг организациты, фæсарæйнаг цæсгæмтты æмæ æмбæстагдзинад кæмæн нæй, ахæм цæсгæмтты фæрæзтæй, кæд æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны æхсæнадæмон бадзырд кæнæ Республикæ Хуссар Ирыстоны закъондæттынады уæлдай снысангонд ницы ис, уæд. Прокуророн кусджытæн бар нæй разамынады органты, æвджидад æмæ

хъусдарæг советты, æндæр æнæпаддзахадон æнæкоммерцион фæсарæйнаг организациты æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны территорийыл архайæг уыдон структурон дæлхæйтты скондмæ бацæуыны бар, кæд æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны æхсæнадæмон бадзырд кæнæ Республикæ Хуссар Ирыстоны закъондæттынады уæлдай снысангонд ницы ис, уæд.

**5 уац. Прокуророн цæстдардыл нæй æндавыны бар**

1. Прокурорыл кæнæ фæдысгарæгыл кæнæ уыдон рахаст фæндоныл бандавын кæнæ исты хуызы йæ архайды ныхмæ æрлæууыны нысанæн паддзахадон хицауады органтæ, бынæттон хæдразамынады органтæ, æхсæнадон иугæндтæ, дзыллон информацион фæрæзтæ æмæ уыдон минæвæрттæ, афтæ ма бæрнон цæсгæмтты цыфæндыгъуызон бацархайд дæр кæны закъоны нысангонд бæрндзинадмæ.

2. Прокурор кæнæ фæдысгарæг хæсджын не сты, цæмæй исты æмбарынгæнинæгтæ дæттой сæ кондады уæвæг хъуыддæгтæ æмæ æрмæджыты фæдыл, афтæ ма сын нæй бар искæмæ сæ раттой семæ базонгæ уæвыны сæраппонд, кæд æмæ закъондæттынадæй уыцы уавæр нысангонд нæу, уæд.

3. Прокуроры бар лæвæрд куынæ уа, уæд никæмæн ис, прокуратурæйы органтæ кæй аразынц, уыцы басгæрстыты æмæ развæлгъау фæдагуырды æрмæджытæ æргом кæныны бар, цалынмæ нæ фæуой, уæдмæ.

**6 уац. Прокуроры домæнтæ æххæст кæныны æнæмæнгдзинад**

1. Ацы Закъоны 9.1,19, 25 ,28, 31, 9, 1 уацты ранымад прокуроры æххæстбартæй ратæдзгæ прокуроры домæнтæ сты æнæмæнг æххæстгæнинаг нысангонд æмгъуыды.

2. Прокуратурæйы органтыл æвæрд функцитæ æххæст кæнынæн æнæмæнг хъæуæг статистикон кæнæ æндæр зонæнтæ, бæлвырдгæнæнтæ, документтæ æмæ сæ халдихтæ æвдыст цæуынц прокуроры æмæ фæдысгарæджы домæнмæ гæсгæ æнæаргъæй.

3. Прокурор æмæ фæдысгарæджы æххæстбартæй ратæдзгæ домæнтæ нæ сæххæст кæнын, афтæ ма сæ фæсидтмæ не 'рбацæуыны тыххæй закъоны нысангонд у бæрндзинад.

**7 уац. Прокурорты хайадист закъондæттынад æмæ æххæстгæнæг хицауады органты, бынæттон хæдразамынады органты рабадтыты**

1. Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурорæн ис Республикæ Хуссар Ирыстоны Парламент, йæ кусæг органтæ, Республикæ Хуссар Ирыстоны Хицауад æмæ бынæттон хæдразамынады органты рабадтыты хайад исыны бар.

2. Горæты (районы) прокурор, æфсæддон прокурор, сæ хæдивджытæ æмæ уыдон хæслæвæрдмæ гæсгæ æндæр прокуророн кусджытæн ис паддзахадон хицауады бынæттон хæдразамынады коллегиты, бынæттон хæдразамынады æххæстгæнæнбарамонæг органты рабадтыты, бынæттон минæварадон органты æмбырдтæ æмæ фæкъордты хайад исыны бар.

3. Прокурортæн ис, паддзахадон хицауады органтæм, бынæттон хæдразамынады органтæм, æндæр организацитæ æмæ куыстуæттæм кæй балæвæрдтой, уыцы бавдыстытæ æмæ æнæразыдзинады гæххæттытæм æркæсыны мадзæлтты хайад исыны бар.

**8 уац. Фыдракæндты ныхмæ тохы архайды координаци**

1. Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурор æмæ йæ дæлбар прокурортæ координаци кæнынц мидхъуыддæгты органтæ, Паддзахадон

ӕдасдзинады комитеты органтӕ, таможнӕйон фыдракӕндтӕ ӕмӕ ӕндӕр фӕткхалӕнты ныхмӕ тохы Республикӕ Хуссар Ирыстоны ӕндӕр барад хъахъхъӕнӕг органты кусджыты архайд.

2. Ацы уацы 1 пункты ӕвдыст органты архайд координаци кӕныны нысанӕн, прокурор расиды координацион ӕмбырдтӕ, организаци кӕны кусӕгон къордтӕ, ӕркуры статистикон ӕмӕ ӕндӕр хъӕуӕг зонӕнтӕ, ӕххӕст кӕны фыдракӕндты ныхмӕ тохы фӕдыл архайд координаци кӕныны фӕдыл Республикӕ Хуссар Ирыстоны Президенты сфидаргонд Уагӕвӕрды снысангонд ӕндӕр ӕххӕстбартӕ.

**9 уац. Барадсфӕлдыстадон архайды хайадист**

1.Республикӕ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурорӕн йӕ дӕлбар фарстыты фӕдыл ис закъондӕтынадон хъӕппӕрисы бар.

2. Се ‘ххӕстбартӕй пайда кӕнгӕйӕ куы сбӕлвырд уа архайӕг нормативон барадон акттӕ фӕхуыздӕр кӕныны ӕнӕмӕнгдзинад, уӕд, закъӕттӕ кӕнӕ ӕндӕр нормативон барадон акттӕ фӕивын, баххӕст кӕнын, аивыны тыххӕй прокурортӕ барджын сты бахӕссой фӕндӕттӕ закъондӕттынадон хъӕппӕрисы бар кӕмӕ ис, уыцы органтӕм.

**9.1. уац. Нормативон барадон актты коррупцийы ныхмӕ экспертизӕ уадзын**

1. Прокурор йе ‘ххӕстбартӕй архайгӕйӕ Республикӕ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуратурӕйы ӕвӕрд фӕткыл ӕмӕ Республикӕ Хуссар Ирыстоны Хицауады ӕвӕрд методикӕмӕ гӕсгӕ уадзы ӕххӕстгӕнӕг хицауады, ӕндӕр паддзахадон органты ӕмӕ организациты, бынӕттон хӕдразамынады органты, уыдон бӕрнон цӕсгӕмтты нормативон барадон актты коррупцийы ныхмӕ экспертизӕ.

2. Нормативон барадон акты коррупцийы уавæртæ аразæг фактортæ ссаргæйæ прокурор уыцы акт саразæг орган, организаци кæнæ бæрнон цæсгомы раз æвæры уыцы нормативон барадон акт фæивыны домæн цы коррупцийæн уавæртæ аразæг фактортæ дзы сбæлвырд, уыдон аивыны тыххæй фæндæттимæ кæнæ бахаты тæрхондонмæ, Республикæ Хуссар Ирыстоны архайæг процессуалон закъондæттынады фæткæвæрдмæ гæсгæ.

Нормативон барадон акт фæивыны домæн прокурор гæнæн ис æмæ фæстæмæ раздаха æмбæлон орган, организаци кæнæ бæрнон цæсгомы йæм æркæсыны агъоммæ.

3. Нормативон барадон акт аивыны тыххæй прокуроры домæнмæ æнæмæнг хъуамæ æркастæуа æмбæлон орган, организаци кæнæ бæрнон цæсгомы ‘рдыгæй, домæн бавдисынæй дæс боны æмгъуыдæй фылдæр куыд нæ рацæуа, афтæ. Минæварадон закъондæттынадон органмæ кæнæ бынæттон минæварадон органмæ æрвыст нормативон барадон акт аивыны тыххæй прокуроры домæнмæ хъуамæ æркастæуа уыцы органы хæстæгдæр рабадты.

Нормативон барадон акт фæивыны тыххæй прокуроры домæнмæ æркасты фæстиуджыты тыххæй æвæстиатæй хъуамæ фехъусынчындæуа домæн чи бавдыста, уыцы прокурорæн. Нормативон барадон акт аивыны тыххæй прокуроры домæныл хъаст бадæттæн ис сфидаргонд фæткыл.

**10 уац. Куырдиæттæ, хъастытæ æмæ хъусынгæнинæгтæм æркаст æмæ сæ равзæрст прокуратурæйы органты**

1.Прокуратурæйы органтæ се ‘ххæстбартимæ æмразыйæ æвзарынц куырдиæттæ, хъæстытæ æмæ закъоны фехæлды тыххæй дзырд кæм цæуы, ахæм æндæр хъусынгæнинæгтæ. Прокуроры рахаст фæндон адæймаджы нæ къуылымпы кæны йæ хъаст тæрхондонмæ бахæссынмæ. Тæрхондоны рахастыл хъасты фæдыл

скъуыддзагдзинад, тæрхондоны снысангонд, æмæ йæ уынаффæйыл бахъаст гæнæн ис æрмæст уæлдæр лæууæг прокурормæ.

2. Прокуратурæйы органтæм æрбалæвæрд куырдиæттæ, хъастытæ æмæ хъусынгæнинæгтæм каст цæуы закъондæттынады æвæрд æмгъуыд æмæ фæткмæ гæсгæ.

3. Куырдиат, хъаст æмæ æндæр хъусынгæнинæгтæн дзуапп хъуамæ уа мотивацигонд. Кæд æмæ куырдиат кæнæ хъаст æххæст нæ цæуы, уæд куырдиат ныффыссæгæн амынд хъуамæ æрцæуа рахæсгæ фæндоныл бахъаст кæныны фæтк, афтæ ма тæрхондонмæ йæ бахатыны бартæ, кæд уый закъоны нысангонд у, уæд.

4. Прокурор закъоны æвæрд фæткыл исы мадзæлттæ бархалæнтæ чи сарæзта, уыцы цæсгæмтты бæрндзинадмæ æркæныны сæраппонд.

5. Нæй бар, цæмæй хъаст фæстæмæ æрвыст æрцæуа, хъаст кæй фæндон кæнæ архайдыл цæуы, уыцы орган кæнæ бæрнон адæймагмæ.

## II хай. РЕСПУБЛИКÆ ХУССАР ИРЫСТОНЫ ПРОКУРАТУРÆЙЫ СИСТЕМÆ ÆМÆ ОРГАНИЗАЦИ

### 11 уац. Республикæ Хуссар Ирыстоны прокуратурæйы системæ

1. Республикæ Хуссар Ирыстоны прокуратурæйы системæ аразынц Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуратурæ, Республикæ Хуссар Ирыстоны Æфсæддон прокуратурæ, горæттæ æмæ районты прокуратурæтæ.

2. Прокуратурæйы органты ахуырад, реорганизаци, прокуратурæйы органтæ æмæ куыстуæтты иуварс кæнын, сæ статус æмæ сын компетенци бæлвырд кæныны хъуыддаг æххæст кæны Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурор.

3. Республикæ Хуссар Ирыстоны прокуратурæйы иугонд системæмæ чи нæ хауы, Республикæ Хуссар Ирыстоны территорийыл прокуратурæйы ахæм органты сырæзт æмæ архайдæн уæвæн нæй.

4. Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурор гæнæн ис æмæ сараза специализацигонд прокуратурæтæ æмæ районты прокуратурæтимæ æмбар æндæр территориалон прокуратурæтæ.

5. Республикæ Хуссар Ирыстоны прокуратурæйы штатон нымæц фидар кæны Республикæ Хуссар Ирыстоны Президент Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуроры бавдыстмæ гæсгæ.

**12 уац. Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуроры бынатмæ снысан кæнын**

1. Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуроры нысан кæны æмæ йæ бæрнадæй сæрибар кæны Республикæ Хуссар Ирыстоны Парламент Республикæ Хуссар Ирыстоны Президенты бавдыстмæ гæсгæ.

2. Кæд æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуроры бынатмæ Президенты бавдыст кандидатурæ нæ райса æмбæлон хъæлæсты бæрц, уæд Республикæ Хуссар Ирыстоны Президент 30 боны æмгъуыдмæ Парламентмæ æвдисы ног кандидатурæ.

3. Парламенты Сæрдар Генералон прокуроры бынатмæ нысангонд адæймаджы æрхоны ардбахæрдмæ. Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурор æрхæссы ахæм ардбахæрд:

«Ард хæрын Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуроры æххæстбартæй архайгæйæ намысджынæй кæй хъахъхъæндзынæн Республикæ Хуссар Ирыстоны Конституци æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны закъæттæ,

хъахъхъæндзынæн адæймаджы æмæ æмбæстаджы бартæ æмæ сæрибардзинад, закъон кæй хъахъхъæны, æхсæнады æмæ паддзахады уыцы интерестæ».

4. Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурор бынаты куынæ уа кæнæ йын йæ хæстæ æххæст кæныны фадат куынæ уа, уæд ын йæ хæстæ æххæст кæны фыццаг хæдивæг, кæд æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны прокурор æмæ йæ фыццаг хæдивæг бынаты нæ уой кæнæ сын нæ уа сæ хæстæ æххæст кæныны фадат, уæд – Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуроры хæдивæг.

5. Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуроры снысан æмæ йæ куыстæй ссæрибар кæныны тыххæй хъусынгæнинаг мыхуыр цæуы Республикæ Хуссар Ирыстоны дзыллон информацион фæрæзты.

6. Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуроры æххæстбарты æмгъуыд у фондз азы.

7. Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурор æрвылаз дæр Республикæ Хуссар Ирыстоны Парламент æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны Президентмæ æвдисы Республикæ Хуссар Ирыстоны закъонондзинад æмæ барвæткы уавæр æмæ уыдон сфидар кæныны сæраппонд бакæнгæ куысты тыххæй доклад.

Республикæ Хуссар Ирыстоны Парламентмæ бацамынд доклад æвдисы йæхæдæг Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурор Республикæ Хуссар Ирыстоны Парламенты рабадты.

**13 уац. Прокурорты куыстмæ снысан кæнын, сæ дæлбардзинад, куыстæй сæ ссæрибар кæныны бындуртæ**

1. Горæты, районты æмæ æфсæддон прокурорты нысан кæны æмæ куыстæй сæрибар кæны Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурор, сты Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуроры дæлбар æмæ дæлхыгъдон.

2. Прокурорты снысан æмæ сæ куыстæй ссæрибар кæныны тыххæй хъусынгæнинаг мыхуыр цæуы Республикæ Хуссар Ирыстоны дзыллон информацион фæрæзты.

**14 уац. Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуратурæ**

1. Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуратурæйы сæргъ лæууы Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурор.

2. Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурор снысан кæны æмæ куыстæй сæрибар кæны Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуроры фыццаг хæдивæг æмæ хæдивæджы.

3. Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуратурæйы арæзт цæуы коллеги Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурор (сæрдар), йæ фыццаг хæдивæг (йæ бæрнадмæ гæсгæ) æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурор кæй нысан кæны, уыцы æндæр прокуророн кусджыты скондæй.

4. Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуратурæйы коллеги у уынаффæйон орган æмæ йæ фæндæттæ æххæст цæуынц Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуроры бардзырдты хуызы.

5. Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуратурæйы структурæ аразынц разамынадтæ æмæ хайадтæ. Хайадты бæлвырдгонд цæуынц хистæр прокурортæ æмæ прокурортæ, хистæр прокуроркриминалисттæ æмæ прокурор-криминалисттæ, афтæ ма уæлдай ахсджиаг хъуыддæгты фæдыл хистæр фæдысгарджытæ æмæ фæдысгарджыты бæрнон бынæттæ.

Хайадты хистæртæ сты хистæр æххуысгæнджытæ, хистæр прокурортæ æмæ хайадты прокурортæ та – Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуроры æххуысгæнджытæ.

6. Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурорæн ис уынаффæгæнджытæ, хистæр æххуысгæнджытæ æмæ æххуысгæнджытæ.

## 15 уац. Горæты, районы, æфсæддон прокуроргæ

Горæты, районы, æфсæддон прокуратурæты сæргъ лæууынц сæхи прокурортæ. Бацамынд прокуратурæты бæлвырдгонд цæуынц прокуроры хæдивæг, прокуроры хистæр æххуысгæнджытæ æмæ æххуысгæнджытæ, афтæ ма хистæр фæдысгарджытæ æмæ фæдысгарджыты бæрнон бынæттæ.

## 16 уац. Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуроры æххæстбартæ Республикæ Хуссар Ирыстоны прокуратурæйы органты системæйæн къухдариуæг кæныны сæраппонд

1.Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурор къухдариуæг кæны Республикæ Хуссар Ирыстоны прокуратурæйы системæйæн, уадзы, прокуратурæйы органтæ æмæ куыстуæттæн æнæмæнгæй æххæст кæнинаг бардзырдтæ, бацамындтытæ, барамындтæ, уагæвæрдтæ æмæ инструкцитæ. Уыдон сты Республикæ Хуссар Ирыстоны прокуратурæйы системæйы архайд æмæ бацамынд кусджыты социалон æмæ материалон ифтонгады фæтк куыд æххæст цæуы, уыцы фарстытæ бæстонгæнæг æмæ сын регламент дæттæг.

2. Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурор рахицæнгонд штатон нымæц æмæ куыстмызды фонды фæлгæтты бæлвырд кæны штаттæ æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуратурæйы структурæ, бæлвырд кæны структурон дæлхæйтты æххæстбартæ, нысан кæны штатон нымæц æмæ прокуратурæйы дæлбар органтæ æмæ куыстуæтты структурæ.

3. Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурор хъус дары дæлдæр лæууæг прокурорты архайдмæ æмæ сæ кондады чи ис, уыцы уголовон хъуыддæгты уавæрмæ.

4. Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурор бæрн хæссы, ацы Закъон прокуратурæйы органтыл цы хæстæ æвæры, уыдон æххæст кæныны сæраппонд.

**17 уац. Республикæ Хуссар Ирыстоны æфсæддон прокуратурæ**

1.Æфсæддон прокурор æмæ йæ дæлбар прокуророн кусджытæн сæ бархъомысы арæнты ис, ацы Закъон æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны территорийыл архайæг æндæр закъæттæй сын нысангонд æххæстбартæ, æмæ сæ æххæст кæнынц æфсæддон разамынады къомандæкæнынады органтæй хибарæй Республикæ Хуссар Ирыстоны закъондæттынадимæ æмразыйæ.

2. Æфсæддон прокурор æмæ йæ дæлбар прокуророн кусджытæн дæр ис æххæстбартæ:

1) æфсæддон разамынады коллегиты, советы, службæйон æмбырдты хайад исын;

2) æнæведомствойон ревизитæ æмæ басгæрстытæ нысан кæнын.

Прокуроры уынаффæмæ гæсгæ сын сæ уадзыны хæрдзтæ æмбæрзы, сгæрстуæвæг æфсæддон хæйттæ æмæ уагдæттæ кæй ифтонгадыл сты, уыцы æфсæддон разамынад.

3) службæйон бæлвырдгæнæн равдисгæйæ æнæкъуылымпыйæ æфсæддон хæйттæ, куыстуæттæ, уагдæттæ, организацитæ, штабты бæстыхæйттæм бацæуын, цыфæнды режим æвæрд дзы куы уа, уæддæр, документтæ æмæ æрмæджытæм æххæссын;

4) гаупвахтæты, хъомылгæнæн хæйтты æмæ æндæр дарæн бынæтты тæрхонгæндтæ, ахстытæ æмæ урæд æрцæуæг æфсæддонты дарыны уавæрты закъонондзинад бæрæг кæнын, æнæзакъонæй уым дард чи цæуы, уыдон æвæстиатæй сæрибар кæнын;

5) гаупвахтæты æмæ сæ дарыны æндæр бынæтты ахстытæ æмæ ахæстоны кондтыты хъахъхъæнынады ифтонгдзинад домын æмбæлон æфсæддон хæйттæ, æфсæддон комендантта, Республикæ Хуссар Ирыстоны мидхъуыддæгты органтæ æмæ уагдæттæй.

## III хай. ПРОКУРОРОН ЦÆСТДАРД

## 1 сæр. ЗАКЪÆТТÆ ÆХХÆСТ КÆНЫНМÆ ЦÆСТДАРД

### 18 уац. Цæстарды предмет

1. Цæстарды предмет сты:

1) Æххæстгæнæг хицауады органтæ, бынæттон паддзахадон хицаудзинады оргæнтæ, бынæттон хæдразамынады органтæ, æфсæддон разамынады органтæ, цæстдарды оргæнтæ, сæ бæрнон кусджытæ, афтæ ма разамынд дæттыны оргæнтæ æмæ коммерцион æмæ æнæкоммерцион организациты къухдариуæггæнджыты ‘рдыгæй Республикæ Хуссар Ирыстоны Конституци куыд хахъхъæд æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны территорийыл архайæг закъæттæ куыд æххæст цæуынц, уый;

2) ацы пункты бацамынд органтæ æмæ бæрнон кусджыты рауагъд барадон актты æмразыдзинад закъæттимæ.

2. Закъæттæ куыд æххæст цæуынц, уымæ цæстдаргæйæ прокуратурæйы органтæ нæ балæууынц æндæр паддзахадон органты бынаты.

Закъæттæ куыд æххæст цæуынц, уый фæдыл басгæрстытæ уагъд цæуынц закъон фехалыны тыххæй прокуратурæмæ æрбацæугæ зонæнты бындурыл. Уыдон домынц прокуроры ‘рдыгæй мадзæлттæ райсын.

**19 уац. Прокуроры æххæстбартæ**

Цы функцитæ йыл æвæрд ис, уыдон æххæстгæнгæйæ прокурорæн бар ис:

1) службæйон бæлвырдгæнæн равдисгæйæ æнæкъуылымпыйæ бахиза ацы Закъоны 18 уацы 1 пункты бацамынд органты бæстыхæйттæм, Æркæса сын сæ документтæ æмæ æрмæджытæм, закъон фехалыны тыххæй прокуратурæйы органтæм æрбацæугæ зонæнты сæраппонд бæрæг кæна, закъæттæ куыд æххæст цæуынц, уый.

2) æрдома бацамынд органты къухдариуæггæнджытæ æмæ æндæр бæрнон кусджытæй æнæмæнгхъæуæг документтæ, æрмæджытæ, статистикон æмæ æндæр зонæнтæ æрбавдисын; сæвзæргæ фарстытæ аскъуыддзаг кæныны тыххæй специалисттæ рахицæн кæнын; прокуратурæйы органтæм æрбацæугæ æрмæджытæ æмæ хъусынгæнинæгты фæдыл басгæрстытæ, дæлсуагъæйон æмæ дæлведомствойон организациты архайдæн ревизитæ ауадзын;

3) закъæттæ фехалыны фæдыл æмбарынгæнинæгты тыххæй бæрнон кусджытæ æмæ æмбæстæгтæм фæсидын;

2. Прокурор кæнæ йæ хæдивæг закъоны æвæрд бындурыл гом кæны уголовон хъуыддаг кæнæ административон бар халыны тыххæй кондад, домы закъон фехалæг адæймæгты æндæр закъонæй нысангонд бæрндзинадмæ æркæнын, фæдзæхсы закъон фехалынæн æруадзæн кæй нæй.

3. Прокурор кæнæ йæ хæдивæг ацы Закъоны 18 уацы 1 пункты бацамынд органтæ æмæ бæрнон кусджыты ‘рдыгæй закъон фехалыны цаутæ куы сбæлвырд кæной, уæд:

1) йæ барамындæй сæрибар кæны æнæзакъонæй æнæ тæрхоны органты фæндонæй административон æгъдауæй урæд чи æрцыд, уыцы адæймæгты;

2) æнæразыдзинад æвдисы закъонимæ æмразы чи нæ у, уыцы барадон акты фæдыл, æрвиты тæрхондонмæ йæ домæн ахæм акттæ мæнгыл банымайыны тыххæй;

3) бахæссы бавдысты гæххæтт закъон халыны цау аиуварс кæныны тыххæй;

4. Ацы закъоны 18 уацы 1 пункты бацамынд органты бæрнон кусджытæ хæсджын сты, цæмæй басгæрстытæ æмæ ревизиты тыххæй прокуроры кæнæ йæ хæдивæджы домæнтæ æххæст кæнынмæ æрæвналой æвæстиатæй.

**20 уац. Прокуроры æнæразыдзинад**

1. Прокурор кæнæ йæ хæдивæг хæссы закъоны ныхмæ чи лæууы, уыцы барадон акты тыххæй æнæразыдзинады гæххæтт ацы акт рауадзæг орган кæнæ бæрнон цæсгоммæ, кæнæ уæлдæрлæууæг орган кæнæ бæрнон цæсгоммæ, науæд та хъаст кæны тæрхондонмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны территорийыл архайæг закъоны нысангонд уголовон процессуалон закъондæттынады фæткыл.

2. Æнæразыдзинады гæххæтмæ хъуамæ æркастæуа æвæстиатæй, йе ‘рбавдыстæй йыл дæс боны æмгъуыдæй фылдæр куыд нæ рацæуа, афтæ.

Закъон фехалыны цау аиуварс кæнын æвæстиатæй чи домы, ахæм сæрмагонд уавæрты, прокурорæн бар ис, цæмæй снысан кæна æнæразыдзинады гæххæтмæ æркæсыны фæцыбыргонд æмгъуыд. Æнæразыдзинады гæххæтмæ æркæсыны фæстиуджыты тыххæй хъуамæ фехъусын чындæуа прокурорæн фыстæджы хуызы.

3. Æнæразыдзинады гæххæтмæ æркæсыны фæдыл рабадты боны тыххæй коллегиалон орган хъусын кæны æнæразыдзинады гæххæтт æрбадæттæг прокурорæн.

4. Æнæразыдзинады гæххæтт æрбахæссæг цæсгом гæнæн ис æмæ йæ фæстæмæ аздаха цалынмæ йæм не ‘ркастæуыд, уæдмæ.

**21 уац. Прокуроры бавдыст**

1. Закъон фехалыны тыххæй бавдыст прокурор кæнæ йæ хæдивæг хæссы закъон фехалыны æруадзгæ цаутæ аиуварс кæнынил йæ бар кæмæн цæуы, уыцы орган кæнæ бæрнон цæсгоммæ, æмæ йæм хъуамæ æркастæуа æвæстиатæй.

Бавдыст æрбахæссыны бонæй иу мæйы æмгъуыдмæ хъуамæ райстæуа бæлвырд мадзæлттæ закъон фехалыны æруадзгæ цаутæ, уыдон аххосæгтæ æмæ сын ахъазгæнæг уавæртæ аиуварс кæныны сæраппонд; райсгæ мадзæлтты фæстиуджыты тыххæй хъуамæ фехъусын чындæуа прокурорæн фыстæджы хуызы.

2. Бавдыстмæ æркæсыны фæдыл рабадты боны тыххæй коллегиалон орган хъусын кæны прокурорæн.

3. Кæд æмæ бацамынд бавдысты æрхæсгæ домæнтæ æххæст не ‘рцæуой, уæд закъон фехалыны æруадзгæ цаутæ аиуварс кæнынил йæ бар кæмæн цæуы, уыцы органы къухдариуæггæнæг кæнæ бæрнон цæсгом гæнæн ис æмæ конд æрцæуа уголовон бæрндзинадмæ закъоны æвæрд фæткыл.

**22 уац. Прокуроры барамынд**

1. Прокурор, бæрнон цæсгомы закъон фехæлды уаг хынцгæйæ, уголовон хъуыддаг кæнæ административон бар халыны фæдыл кондад байгом кæныны тыххæй хæссы бындуриуæггонд барамынд.

2. Административон кондад байгом кæныны тыххæй прокуроры барамындмæ хъуамæ æркæса ахæм æххæстбартæ цы орган кæнæ бæрнон цæсгомæн ис, уый

закъоны æвæрд æмгъуыдмæ. Уымæ æркæсыны фæстиуджыты тыххæй хъусынчындæуы прокурорæн фыстæджы хуызы.

**23 уац. Закъон халынад ма руадзыны тыххæй фæдзæхст**

Бархалыны цаутæ ма руадзыны нысанæн æмæ бароды ныхмæ архайдтытæ цæттæ кæныны тыххæй уæвгæ зонæнты фæдыл прокурор кæнæ йæ хæдивæг фыстæджы хуызы æрвиты бæрнон цæсгæмттæм фæдзæхст, закъон халынæн æруадзæн кæй нæй, уый тыххæй, экстремистон архайды миниуджытæ кæмæн ис, барады ныхмæ ахæм архайдтытæ цæттæ кæныны фæдыл зонæнтæ куы уа, уæд та æхсæнадон (дины) иугæндты къухдариуæггæнджытæ æмæ æндæр цæсгæмттæм.

Кæд æмæ уыцы фæдзæхсты гæххæтты фыст домæнтæ æххæст не 'рцæуой, уæд цы бæрнон цæсгоммæ æрвыст æрцыд, уый гæнæн ис æмæ бæрндзинадмæ конд æрцæуа закъонæй æвæрд фæткыл.

## 2. сæр. АДÆЙМАДЖЫ ÆМÆ ÆМБÆСТАДЖЫ БАРТÆ ÆМÆ СÆРИБАРДЗИНАД ХЪАХЪХЪÆНЫНМÆ ЦÆСТДАРД

**24 уац. Цæстдарды предмет**

1. Цæстдарды предмет сты æххæстгæнæг хицауады оргæнтæ, бынæттон паддзахадон хицаудзинады оргæнтæ, бынæттон хæдразамынады органтæ, æфсæддон разамынады органтæ, цæстдарды оргæнтæ, сæ бæрнон кусджытæ, афтæ ма разамынд дæттыны оргæнтæ, афтæ ма коммерцион æмæ æнæкоммерцион организациты разамынады органтæ, стæй сæ къухдариуæггæнджыты 'рдыгæй адæймаг æмæ æмбæстаджы бартæ æмæ сæрибардзинад куыд хъахъхæд цæуынц, уый.

2. Прокуратурæйы органтæ нæ балæууынц, адæймаджы æмæ æмбæстаджы бартæ æмæ сæрибардзинад хъахъхъæнынмæ хъусдарæг æндæр паддзахадон органтæ æмæ бæрнон цæсгæмтты бынаты, нæ ныхилынц организациты оперативон-хæдзарадон архайдмæ.

**25 уац. Прокуроры æххæстбартæ**

1. Цы функцитæ йыл æвæрд ис, уымæ гæсгæ прокурор:

1) æвзары æмæ бæлвырд кæны куырдиæттæ, хъастытæ æмæ æндæр хъуысынгæнинæгтæ:

2) адæймаджы æмæ æмбæстаджы бартæ æмæ сæрибардзинад халыны фæдыл;

3) æмбарын кæны хъыгдард уæвджытæн сæ бартæ æмæ сæрибардзинад хъахъхъæныны фæтк;

4) исы мадзæлттæ адæймаджы æмæ æмбæстаджы бартæ халынæй бафæдзæхсын æмæ сæ ма руадзыны, закъон фехалæг цæсгæмтты

бæрндзинадмæ æркæныны, бакæнгæ зиан бафидыны сæраппонд;

5) пайда кæны ацы Закъоны 19 уацы йын нысангонд æххæстбартæй.

2. Кæд æмæ ахæм хъуыдыйæн бындур уа, зæгъгæ адæймаджы æмæ æмбæстадджы бартæ æмæ сæрибардзинад фехалынæн ис фыдракæндон уаг, уæд прокурор гом кæны уголовон хъуыддаг æмæ исы мадзæлттæ, цæмæй гæнæг цæсгæмттæ æфхæрд æрцæуой уголовон æгъдауæй закъонимæ æмразыйæ.

3. Кæд æмæ адæймаджы æмæ æмбæстаджы бартæ æмæ сæрибардзинад фехалынæн ис административон бар халыны уаг, уæд прокурор гом кæны административон бæрндзинады фæдыл кондад кæнæ æвæстиатæй дæтты хъусынгæнинаг, бархалыны æмæ басгæрсты тыххæй æрмæджытæ

административон бархалыны хъуыддæгтæ æвзарыны æххæстбартæ кæмæн ис, уыцы орган кæнæ бæрнон цæсгоммæ.

4. Кæд æмæ æмбæстагон тæрхондоны кондадон фæткыл хъахъхъæд чи цæуы, адæймаджы æмæ æмбæстаджы уыцы бартæ æмæ сæрибардзинад хæлд цæуынц, кæд бахъыгдард адæймагæн йæ низы, йæ кары кæнæ æндæр ахосæгтæм гæсгæ йæ бартæ æмæ йæ сæрибардзинад тæрхондоны кæнæ арбитражон тæрхондоны бахъхъахъхъæныны фадат нæй, кæнæ кæд бирæнымæц æмбæстæгты бартæ æмæ сæрибардзинад хæлд цæуынц, йе та æндæр уавæрты фæстиуæгæн закъоны фехæлд сæрмагонд æхсæнадон нысаниуæг райста, уæд прокурор дзуры бахъыгдард адæмы номæй æмæ у сæ фарсхæцæг тæрхондоны кæнæ арбитражон тæрхондоны.

**26 уац. Прокуроры æнæразыдзинад æмæ бавдыст**

Прокурор кæнæ йæ хæдивæг хæссы адæймаг æмæ æмбæстаджы бартæ æмæ сæрибардзинад халæг акты ныхмæ æнæразыдзинады гæххæтт уыцы акт саразæг орган кæнæ бæрнон адæймагмæ, йе та хæссы хъаст тæрхондонмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны территорийыл архайæг процессуалон закъондæттынады æвæрд фæткыл.

Адæймаджы æмæ æмбæстаджы бартæ æмæ сæрибардзинад фехалыны тыххæй бавдыст прокурор кæнæ йæ хæдивæг хæссы закъон фехалыны цау аиуварс кæнынил сæ бар кæмæн цæуы, ахæм орган кæнæ бæрнон цæсгоммæ.

Æнæразыдзинад æмæ бавдысты гæххæттытæ хаст цæуынц æмæ сæм кастæуы ацы Закъоны 20 æмæ 21 уацты нысангонд æмгъуыды.

## 3 сæр. ОПЕРАТИВОН-АГУРÆН АРХАЙД, РАЗВÆЛГЪАУ СГАРÆГ ÆМÆ РАЗВÆЛГЪАУ ФÆДЫСГАРÆГ ОРГАНТЫ ЗАКЪОН ÆХХÆСТ КÆНЫНМÆ ЦÆСТАРД

### 26 уац. Цæстдарды предмет

Цæстдарды предмет сты адæймаджы æмæ æмбæстаджы бартæ æмæ сæрибардзинад, æрцæугæ æмæ æрцæуинаг фыдракæндты тыххæй куырдиæттæ æмæ хъусынгæнинæгтæм æркæсыны фæдыл снысангонд фæтк, оперативон-агурæн мадзæлттæ æмæ фæдысгæрст уадзын, афтæ ма оперативон-агурæн архайд, развæлгъау сгæрст æмæ развæлгъау фæдысгæрст уадзæг органты рахаст фæндæтты закъонондзинад.

### 28 уац. Прокуроры æххæстбартæ

1. Оперативон-агурæн архайд, развæлгъау сгæрст æмæ развæлгъау фæдысгæрст уадзæг органтæ закъон куыд æххæст кæнынц, уый фæдыл прокуроры æххæстбартæ бæлвырд кæнынц Республикæ Хуссар Ирыстоны территорийыл архайæг уголовон-процессуалон закъондæттынад æмæ æндæр закъæттæ.

2. Фæдысгæрсты фарстыты фæдыл Закъондæттынадон разамынад чи нæ домы, развæлгъау сгæрст æмæ развæлгъау фæдысгæрсты фæдыл Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуроры уыцы бацамындтытæ сты æнæмæнг æххæстгæнинаг.

### 29 уац. Фыдракæндты фæдысгæрст прокуратурæйы органты ‘рдыгæй

Уголовон æфхæрд æххæст кæнгæйæ, прокуратурæйы органтæ уадзынц фæдысгæрст Республикæ Хуссар Ирыстоны территорийыл архайæг уголовон-процессуалон закъондæттынад сын сæ бар кæй бакодта, уыцы хъуыддæгтæ æмæ фыдракæндты фæдыл.

Прокурорæн бар ис йæ кондадмæ райса кæнæ бахæс кæна йæ дæлбар прокурор кæнæ фæдысгарæгæн кæцыфæнды фыдракæнды фæдысгæрст дæр.

## 4 сæр. ÆФХÆРД ÆМÆ ТÆРХОНДОНЫ СНЫСАНГОНД ТЫХБЫНЫ МАДЗÆЛТТÆ ÆХХÆСТГÆНÆГ ОРГАНТÆ ÆМÆ УАГДÆТТÆ, АХСТЫТЫ ÆМÆ АХÆСТОНЫ КОНДТЫТЫ ДАРÆН БЫНÆТТЫ АДМИНИСТРАЦИТЫ ЗАКЪОН ÆХХÆСТ КÆНЫНМÆ ЦÆСТДАРД

### 30 уац. Цæстдарды предмет

Цæстдарды предмет сты:

1) тæрхондоны снысангонд æфхæрд æмæ тыхбыны барæнтæ æххæстгæнæг хъомылгæнæн-фæллойадон æмæ æндæр органтæ æмæ уагдæтты урæд æрцæуæг æмæ развæлгъау ахст адæмы дарыны закъонондзинад.

2) урæд æрцæуæг, ахсæстоны конд, тæрхонгонд æмæ тыхбыны мадзæллтæм конд адæймæгты бартæ æмæ хæстæ, сæ дарыны фæтк æмæ уавæртæ хъахъхъæнын, Республикæ Хуссар Ирыстоны территорийыл архайæг закъондæттынады фыст куыд у, афтæ;

3) сæрибардзинад айсынимæ баст чи нæ у, уыцы æфхæрд æххæст кæныны закъонондзинад.

### 31 уац. Прокуроры æххæстбартæ

1. Закъон æххæст кæнынмæ цæст даргæйæ прокурорæн бар ис:

1) цыфæнды рæстæджы дæр бацæуа, ацы Закъоны 30 уацы бацамынд органтæ æмæ уагдæттæм;

2) урæд æрцæуджытæ, ахæстоны кондтытæ, тæрхонгондтæ æмæ тыхбыны мадзæлттæм кондтытыл фарста кæнын;

3) ацы адæймæгтæ урæд, дуарæхгæд, тæрхонгонд кæнæ тыхбыны мадзæлттæм конд цы документты бындурыл æрцыдисты, уыдонимæ зонгæ кæнын;

4) администрацийæ домын, цæмæй арæзт æрцæуа урæд æрцæуджытæ, ахæстоны кондтытæ, тæрхонгæндтæ æмæ тыхбыны мадзæлттæм кондтыты бартæ ифтонггæнæг уавæртæ, бæлвырд кæнын ацы Закъоны 30 уацы нысангонд бардзырдтæ, уынаффæтæ, барамындты æмразыдзинад Республикæ Хуссар Ирыстоны закъондæттынадимæ, бæрнон адæймæгтæй æмбарынгæнинæгтæ домын, æнæразыйы æмæ бавдыстыты гæххæттытæ фыссын, уголовон хъуыддæгтæ æмæ административон бархалыны кондадтæ гом кæнын. Æнæразыдзинад цы акты ныхмæ рахастæуыд, уый архайд хъуамæ æрурома уагдоны администраци, цалынмæ æнæразыйы гæххæтмæ æркастæуа, уæдмæ.

5) закъон фехалгæйæ ахæстоны кондтытæ, тæрхонгондтыл æвæрд цы дисциплинарон фиддонтæ æрцыд, уыдон аивын, барамындæй сæ æвæстиатæй ссæрибар кæнын иварон изоляторæй, камерон хуызы бæстыхайæ, карцерæй, иунæджыты камерæйæ, диссциплинарон изоляторæй.

2. Прокурор кæнæ йæ хæдивæг хæсджын у, цæмæй йæ барамындæй æвæстиатæй ссæрибар кæна, кæйдæриддæр æнæ закъоны бындурæй дардæуы тæрхон æмæ тыхбыны мадзæлттæ æххæстгæнæг уагдæтты, кæнæ закъон халгæйæ урæд, развæлгъау ахст, кæнæ тæрхондоны психиатрион уагдонмæконд чи æрцыд, уыдоны.

**32 уац. Прокуроры барамындтæ æмæ домæнтæ æххæст кæныны æнæмæнгдзинад**

Ахæстоны кондтытæ, тæрхонгондтæ, тыхбыны барæнтæ ист кæй ныхмæ æрцыд кæнæ тæрхонон-психиатрон уагдæттæм конд чи æрцыд, закъонмæ гæсгæ уыдон дарыны фæтк æмæ фадæттæ хъахъхъæныны тыххæй прокуроры барамындтæ

æмæ домæнтæ сты æнæмæнг æххæстгæнинаг администрацитæн, афтæ ма тæрхондоны рахæсгæ фæндон сæ сæрибардзинад айсынимæ баст кæмæн нæу, уыцы адæймæгты ныхмæ æфхæрд æххæстгæнæг органтæн.

## IV хай. ПРОКУРОРЫ ХАЙАДИСТ ХЪУЫДДÆГТÆМ ТÆРХОНДÆТТЫ ÆРКАСТЫ

### 33 уац. Прокуроры хайадист хъуыддæгтæм тæрхондæтты æркасты

1. Прокурор хайад исы хъуыддæгтæм тæрхондæтты æркасты Республикæ Хуссар Ирыстоны территорийыл архайæг процессуалон закъондæттынад æмæ æндæр закъæтты нысангонд уавæрты.

2. Тæрхондоны уголовон æфхæрд æххæстгæнгæйæ прокурор æххæст кæны паддзахадон азымджынгæнæджы хæс.

3. Республикæ Хуссар Ирыстоны территорийыл архайæг процессуалон закъондæттынадимæ æмразыйæ прокурорæн бахатыны бар ис тæрхондонмæ хъусынгæнинагимæ кæнæ хъуыддаджы процессы кæцыфæнды æмвæзадыл дæр балæууыны бар, кæд æмæ уый домынц æмбæстæгты бартæ хъахъхъæнынад æмæ закъон кæй хъахъхъæны, æхсæнады æмæ паддзахады уыцы интерестæ, уæд.

4. Хъуыддæгтæм тæрхондоны æркасты хайадисæг прокуроры æххæстбартæ бæлвырд цæуынц Республикæ Хуссар Ирыстоны территорийыл архайæг процессуалон закъондæттынады.

5. Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурор Республикæ Хуссар Ирыстоны закъондæттынадимæ æмразыйæ хайад исы Республикæ Хуссар Ирыстоны Уæлдæр Тæрхондоны, Республикæ Хуссар Ирыстоны Арбитражон Тæрхондоны рабадтыты.

6. Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурорæн бар ис бахата Республикæ Хуссар Ирыстоны Конституцион Тæрхондонмæ конкретон хъуыддаджы спайдагонд кæнæ пайдагонд кæмæй хъуамæ цæуа, æмбæстæгты конституцион бартæ æмæ сæрибардзинад чи халы, ахæм закъоны фæдыл.

**34 уац. Тæрхондоны фæндæтты фæдыл æнæразыдзинад æвдисын**

1. Прокурор кæнæ йæ хæдивæг йæ барты фæлгæтты хæссы кассацион кæнæ хисæрмагонд æнæразыйы гæххæтт, науæд та цæстарды фæткыл арæзт æнæразайы гæххæтт, арбитражон тæрхондонмæ та апеллиацион кæнæ кассацион хъаст науæд та цæстарды фæткыл арæзт æнæразыйы гæххæтт тæрхондоны æнæзакъон кæнæ æнæбындур фæндонрахаст, тæрхон, снысангæнд кæнæ барамынды фæдыл. Прокуроры æххуысгæнæгæн æнæразыйы гæххæтт æрбахæссæн ис æрмæст хайад цы хъуыддагмæ æркасты иста, уый фæдыл.

2. Тæрхондонон æвзæрсты хайад истой æви нæ, уæддæр прокурор кæнæ йæ хæдивæгæн бар ис, йæ барты фæлгæтты радома тæрхондонæй фæндон, тæрхонрахаст, снысангæнд кæнæ барамынд йæ закъонон тыхы цы хъуыддæгтæм гæсгæ бацыд, уыдон категорийæ кæцыфæнды хъуыддаг дæр.

Кæд æмæ сбæлвырд ис, тæрхондоны фæндон, тæрхон, снысангæнд кæнæ барамынд æнæ закъон кæнæ æнæбындур сты, уæд прокурор цæстдарды фæткыл хæссы æнæразыйы гæххæтт кæнæ цæуы йæ бавдыстимæ уæлдæрлæууæг прокурормæ.

Административон бархалыны фæдыл тæрхонгæнæджы фæндоны ныхмæ æнæразыйы гæххæтт гæнæн ис æмæ æрбахæсса горæты, районы прокурор уæлдæрлæууæг прокурортæ кæнæ сæ хæдивджытæм.

**35 уац. Æнæразыйы гæххæтты раздæхт**

Тæрхондоны фæндонрахаст, тæрхон, снысангæнд кæнæ барамынды фæдыл æнæразыдзинады гæххæтт гæнæн ис æмæ йе ‘ркæсыны агъоммæ фæстæмæ аздаха йе ‘рбахæссæг прокурор.

**36 уац. Тæрхондоны фæндонрахаст æххæст кæныны æрурæд**

Æфхæрды мадзал мæлæты тæрхоны хуызы кæй фæрцы æххæст цæуы, уыцы фæндоны архайд урæд цæуы Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурор кæнæ йæ хæдивæг æнæразыйы гæххæтт куы ‘рбахæссынц, уæд.

**37 уац. Тæрхондæттæн æмбарынгæнинæгтæ раттыны тыххæй бавдыст**

Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурорæн бар ис Республикæ Хуссар Ирыстоны Уæлдæр Тæрхондоны Президиуммæ, Республикæ Хуссар Ирыстоны Арбитражон Тæрхондоны Президиуммæ бахатын тæрхондæттæн æмбарынгæнинæгтæ раттыны тыххæй бавдыстытимæ æмбæстагон, арбитражон, уголовон, административон æмæ æндæр хъуыддæгты тæрхоны практикæйы фарстыты фæдыл.

## V хай. ПРОКУРАТУРÆЙЫ ОРГАНТЫ СЛУЖБÆ. ПРОКУРАТУРÆЙЫ ОРГАНТЫ КАДРТÆ

**38 уац. Прокуратурæйы органты службæ**

1. Прокуратурæйы органты службæ у паддзахадон службæ. Прокуророн кусджытæ сты Республикæ Хуссар Ирыстоны паддзахадон службæгæнджытæ, паддзахадон бæрнмæ гæсгæ службæйы хæстæ æххæстгæнджытæ ацы Закъоны домæнтæ хынцгæйæ.

Прокуророн кусджыты барадон уавæр æмæ службæйы фадæттæ бæлвырд кæны ацы Закъон æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны Президенты сфидаргонд

«Республикæ Хуссар Ирыстоны прокуратурæйы органты службæ хæссыны тыххæй» Уагæвæрд.

3. Кусджытæн бар ис службæ кæныны фæдыл прокуратурæйы органы къухдариуæггæнджыты фæндоныл бадæттой хъаст уæлдæр къухдариуæггæнæгмæ æмæ (кæнæ) тæрхондонмæ.

**39 уац. Прокурортæ æмæ фæдысгарджыты бынатмæ нысангонд адæймæгты раз æвæргæ домæнтæ, прокуратурæйы органты службæмæ исыны уавæртæ æмæ фæтк**

1. Прокурортæ æмæ фæдысгарджытæ гæнæн ис æмæ уой, паддзахадон аккредитацигонд уæлдæр профессионалон ахуырадон уагдоны уæлдæр юридикон ахуырад райсæг, æнæмæнгхъæуæг профессионалон æмæ моралон миниуджытæ кæмæ ис æмæ се ‘нæниздзинадмæ гæсгæ сæ разы æвæрд службæйон хæстæ æххæст кæнымæ чи сыræхсдзæн, Республикæ Хуссар Ирыстоны ахæм æмбæстæгтæ.

Горæттæ, районтæ æмæ æфсæддон прокуратурæты прокурортæ æмæ фæдысгарджыты æххуысгæнæнджытæй, уавæр æй куы ‘рдома, уæд гæнæн ис æмæ нысангонд æрцæуой паддзахадон аккредитацигонд уæлдæр профессионалон ахуыргæнæн уагдæтты ахуырад чи исы æмæ ацы ахуырадон уагдæтты æртыккаг къурс фæуд кæмæн у, ахæм адæймæгтæ.

2. Адæймагæн райсæн нæй прокуратурæйы органтæм службæ кæнынмæ æмæ йын бацамынд службæйы уæвæн нæй, кæд æмæ:

1) нæу Республикæ Хуссар Ирыстоны æмбæстаг;

2) тæрхондон уый банымадта æнæбархъомыл;

3) тæрхондоны фæндæй бæлвырд æмгъуыдмæ паддзахадон службæйы паддзахадон бæрнон бынæтты кусыны сæраппонд ист сты йæ бартæ;

4) уыди кæнæ у тæрхонгонд;

5) ис ын ахæм низ, медицинон хатдзæгмæ гæсгæ йын йæ службæйон хæстæ æххæст кæнгæйæ ныхдур чи уыдзæн;

6) у æввахс хæстæг кæнæ хион (ныййарджытæ, æмкъæйттæ, æфсымæртæ, цот, афтæ ма æмкъæйтты æфсымæртæ, хотæ, ныййарджытæ) прокуратурæйы органты кæнæ уагдæтты кусæгæн, кæд сæ иуы службæ иннæимæ баст у комкоммæ дæлбардзинадæй, уæд;

7) нæу разы паддзахадон сусæгдзинадмæ чи хауы, уыцы зонæнтæм баххæссыны бар райсыны процедурæ рацæуыныл, кæд æмæ цы бæрнмæ хауæг службæйон хæстæ райсинаг у, уый ахæм зонæнтæй пайда кæнынимæ баст у, уæд.

3. Прокуратурæйы органтæм службæмæ æмбæстæгтæ ист цæуынц фæллойадон бадзырды бындурыл. Бадзырд арæзт цæуы æбæлвырд æмгъуыдмæ кæнæ та фондз азмæйы æмгъуыдæй фылдæр нæ.

4. Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуратурæйы хардзæй уæлдæр профессионалон ахуыргæнæн уагдæтты юридикон дæсныйадыл чи ахуыр кæны, афтæ ма прокуророн кусджытæй сæ мызд сын бахъахъхъæнгæйæ аспиантурæйы боны хайады чи ахуыр кæны, ацы Закъоны 56 уацы куыд фыст у, афтæ, уыдон хæсджын сты семæ сарæзт бадзыртæм æмразыйæ прокуратурæйы органты бакусой фондз азы æнæсцухæй. Кæд прокуратурæйы органтæй сæхи ссæрибар кодтой бацамынд æмгъуыдæй раздæр, æнæниздзинады уавæр, сылгоймагæн аст азы уонг кары сывæллон кæй ис, кусджыты нымæц кæнæ штат къаддæргонд кæй æрцыд (дарддæр – организацион-штатон мадзæлттæ), ссæрибар уæвыны уыцы

цаутæй дарддæр æндæр аххосæгтæсм гæсгæ, уæд уыцы адæймæгтæ сæ ахуыры хæрдзтæ æххæстæй фидынц сæхæдæг.

5. Горæты, районты æмæ æфсæддон прокуроры бынатмæ нысан цæуынц 25 азæй къаддæр кæуыл нæ цæуы, прокуратурæйы органты прокурор кæнæ фæдысгрæджы куысты стаж 3 азæй къаддæр кæмæн нæй, ахæм адæймæгтæ.

**40 уац. Прокуратурæйы органты куыстимæ баст фæлгæттæ**

Прокуророн кусджытæн æвæрд цæуынц Республикæ Хуссар Ирыстоны Закъон «Коррупцийы ныхмæ тох кæныны тыххæй» æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны Закъоны 16, 17, 19 æмæ 20 уацтæ «Республикæ Хуссар Ирыстоны паддзахадон граждайнаг службæйы тыххæй» нысангонд фæлгæттæ, тобæ æмæ хæстæ.

**41 уац. Прокуратурæйы органтæм службæмæ исыны**

**фæлтæрæнтæ**

Прокуратурæйы органтæм фыццаг хатт ист цæуæг æмбæстæгтæ цы бæрнон бынат ахсдзысты, уымæ рæхсынц æви нæ, уый сбæрæг кæныны тыххæй гæнæн ис æмæ сæ разы æвæрд цæуа фæлварæн æхсæз мæйы æмгъуыды бæрц. Фæлварæны дæргъвæтиндзинад нысан кæны Генералон прокурор, куыстмæ истцæуæг адæймагимæ сразыдзинадæй. Службæ хæсгæйæ фæлварæны æмгъуыд гæнæн ис æмæ фæцыбыргонд кæнæ фæдаргъдæргонд уа æхсæз мæйы арæнты дыууæ фарсы æмразыйæ.

Фæлварæны æмгъуыдмæ æфтыд нæ цæуынц рæстæгмæйы æнæ куыстхъомдзинад æмæ фæлвæрдуæвæгæн йæ службæйæ фæцух кæнынæн ахсджиаг æфсон куы уыд, æндæр ахæм æмгъуыдтæ. Фæлварыны æмгъуыд æфтыд цæуы прокуратурæйы органты куысты стажмæ.

Ацы уацы 1 пункты амынд адæймæгтæ ист цæуынц æмбæлон бæрнон бынатмæ классон цин сын æнæ ратгæйæ æмæ фæлварыны æмгъуыды дæргъы æххæст кæнынц сæ разы æвæрд службæйон хæстæ.

3. Йæ фæлварыны æмгъуыды йын æнæбæззон фæстиуджытæ куы уа, уæд кусæг гæнæн ис æмæ ист æрцæуа йæ куыстæй, кæнæ йæхи разыдзинадæй ивд æрцæуа æндæр куыстмæ.

Кæд æмæ фæлварыны æмгъуыд фæци, кусæг та дарддæр æххæст кæны йæ службæйон хæстæ, уæд уый нымад цæуы фæлварæнæн бафæразæгыл æмæ йæ куыстмæ снысан кæныны фæдыл нæ цæуы хаст уæлæмхас фæндæттæ.

**42 уац. Прокуроры (фæдысгарæджы) ардбахæрд**

1. Прокуроры кæнæ фæдысгарæджы бынатмæ фыццаг хатт снысангонд адæймаг хæссы прокуроры (фæдысгарæджы) ардбахæрд. Йæ мидис у ахæм:

«Мæхи Закъонæн лæггад кæнынæн нывонд кæнгæйæ цытджынæй ард хæрын: намысджынæй æххæст кæндзынæн Республикæ Хуссар Ирыстоны Конституци, Республикæ Хуссар Ирыстоны закъæттæ, уыдонæй иучысыл дæр иуварс нæ ахизгæйæ; карзæй тох кæндзынæн закъон хæлды ныхмæ, чи фæнды йæ ма æруадза; хъахъхъæндзынæн адæймаджы, æхсæнады æмæ паддзахады интерестæ; хъахъхъæндзынæн объективондзинад æмæ рæстдзинад адæймæгты хъысмæт лыг кæнгæйæ; фидарæй хъахъхъæндзынæн паддзахадон æмæ æндæр закъонæй

хъахъхъæд сусæгдзинад; æдзух хуыздæр кæндзынæн мæ дæсныйад, аргъ кæндзынæн мæ профессионалон намысæн, уыдзынæн æнæбалхæнгæ, æвдисдзынæн моралон сыгъдæгдзинад, хиуылхæцындзинады цæвиттон, намысджынæй хъахъхъæндзынæн æмæ фылдæр кæндзынæн прокуратурæйы хуыздæр традицитæ.

Æмбарын, Ардбахæрд фехалын æмæ ма дарддæр прокуратурæйы органты уæвынæн иумæйагæй ницы ис».

2. Прокуроры (фæдысгарæджы) ардбахæрды фæтк бæлвырд кæны Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурор.

**43 уац. Бæрнон бынатмæ снысан кæнын æмæ дзы ссæрибар кæныны æххæстбартæ**

Прокуратурæйы æппæт кусджыты куыстмæ нысан æмæ куыстæй сæрибар кæны Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурор.

**44 уац. Прокуророн кусджыты аттестации. Прокуророн кусджыты классон цинтæ**

1. Прокуророн кусджыты аттестации уагъд цæуы сæ бæрны куысты бæззон сты æви нæ, уый сбæлвырд, прокуророн кусджыты дæсныдзинад фæбæрзонддæр, службæйон дисциплинæ фæхуыздæр кæныны нысанæн.

2. Аттестаци рацæуын æмбæлы, классон цинтæ кæмæн ис, науæд та классон цинтæ раттын кæмæн æмбæлы, ахæм прокуророн кусджытæн.

3. Аттестаци уадзыны фæтк æмæ æмгъуыдтæ нысан кæны Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурор.

4. Прокурортæ æмæ фæдысгарджытæн сæ бæрны куыст æмæ куысты стажмæ гæсгæ цæрæнбонтæм лæвæрд цæуы классон цинтæ. Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурор гæнæн ис æмæ радта классон цинтæ иннæ кусджытæн дæр.

5. Классон цинтæ дæттыны фæтк бæлвырд цæуы прокуророн кусджыты классон цинты тыххæй Республикæ Хуссар Ирыстоны Президенты сфидаргонд Уагæвæрды.

**45 уац. Службæйон æвдисæндар**

1.Прокуророн куыджытæн лæвæрд цæуы Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуроры снысангæнд хуызæджы службæйон æвдисæндар.

2. Службæйон æвдисæндар у прокуророн кусæджы хи бæлвырдгæнæнтæ, йæ классон цин æмæ йæ бæрнад фидаргæнæн документ.

3. Прокуртæ æмæ фæдысгарджыты æвдисæндартæ фидар кæнынц уыдонæн армы даргæ хæстон æхсæнгарз æмæ сæрмагонд фæрæзтæ хæссын æмæ дарыны бар, афтæ ма прокуртæ æмæ фæдысгарджытæн лæвæрд ацы Закъоны нысангонд æндæр æххæстбартæ.

**46 уац. Прокуророн кусæджы хисæрмагонд хъуыддаг**

1. Прокуророн кусæджы хисæрмагонд хъуыддаджы ис бацамынд кусæг, прокуратурæйы органты йæ службæ хæссын, йæ дæсныйад фæуæлдæр кæныны тыххæй зонæнтæ.

2. Прокуророн кусæджы политикон æмæ динон æмхицдзинады фæдыл зонæнтæ æмбырд кæнын æмæ сæ йæ хисæрмагонд хъуыддагмæ хæссыны бар нæй.

Прокуророн кусæгæн ис бар, цæмæй базонгæ уа йæ хисæрмагонд хъуыддаджы æппæт æрмæджытимæ æмæ йæ хисæрмагонд хъуыддагмæ йе ‘мбарынгæнинæгтæ бафтауа фыстæджы хуызы.

3. Прокуророн кусджыты хисæрмагонд хъуыддæгтæ хынцыны фæтк бæлвырд кæны Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурор.

**47 уац. Формæйон дарæс**

1. Прокуророн кусджытæ ифтонг цæуынц формæйон дарæсæй Республикæ Хуссар Ирыстоны Хицауад цы фæтк æмæ нормæтæ снысан кæны, уымæ гæсгæ.

2. Кæд æмæ прокуророн кусæг хайад исы уголовон, æмбæстагон æмæ арбитражон тæрхондоны хъуыддæгты æвзæрсты, афтæ ма прокуратурæйы органты официалон минæварады æндæр цауты рæстæджы, уæд формæйон дарæс дарын у æнæмæнг.

3. Прокуратурæйы кусæджы намыс æгад кæныны аххосæй ист чи æрцыд, кæнæ тæрхондоны фæндæй йæ классон цин кæмæн айстæуыд, уыдонæй дарддæр, прокуратурæйы органты йæ куыст 20 азæй къаддæр кæмæн нæу æмæ сæрибаргонд чи æрцыд, ахæм адæймæгтæн, ис формæйон дарæс дарыны бар.

**48 уац. Кусджыты улæфты æмгъуыдтæ**

1. Прокуротæ æмæ фæдысгарджытæн лæвæрд цæуы æрвылазон фидгæ улæфты æмгъуыд 30 календарон боны дæргъы улæфты бынатмæ æмæ уырдыгæй фæстæмæ цæуыны бонтæ æнæ хынцгæйæ æмæ сын Республикæ Хуссар Ирыстоны территорийыл сæ фæндаггаджы хæрдзтæ фидгæйæ.

2. Прокурор æмæ фæдысгарæджы хуызы службæйы стажы тыххæй лæвæрд цæуы æрвылазон фидгæ улæфты æмгъуыд:

10 азы фæстæ – 5 календарон боны;

15 азы фæстæ – 10 календарон боны;

20 азы фæстæ – 15 календарон боны.

Уæлæмхас улæфты æмгъуыд райсыны бар дæттæг куысты стажмæ ма хауынц прокуратурæйы органты стажеры куысты æмгъуыдтæ. Бацамынд

стажмæ календарон нымадæй æфтыд цæуы æндæр барад хъахъхъæнæг органты службæ, æфсæддон службæ, афтæ ма тæрхонгæнæджы бынаты куыст.

3. Хицæн уавæрты кусæгæн йæ куырдиатмæ гæсгæ Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуры барлæвæрдæй фидгæ улæфты æмгъуыд гæнæн ис æмæ лæвæрд æрцæуа фидæн азы.

4. Организацион-штатон мадзæлттæ, низ, куыст ныууадзын, пенсийы ацæуыны аххосæй прокуратурæйы органтæй сæрибаргонд чи æрцыд, уыдонæн сæхи фæндонмæ гæсгæ лæвæрд цæуы радон æрвылазон улæфты æмгъуыд. Куыстæй ссæрибары аз радон улæфты æмгъуыдæй пайдагонд куынæ ‘рцæуа, уæд сын фыст цæуы æхцайы компенсаци сæ бакуысты рæстæгмæ гæсгæ.

**49 уац. Кусджыты хорзæхджын кæнын**

Кусджытæн сæ службæйон хæстæ цæвиттойнагæй æххæст кæнын, прокуратурæйы органты сæ дæргъвæтин æмæ æнæаипп службæ, уæлдай ахсджиаг æмæ вазыгджындæр хæстæ æххæст кæныны тыххæй лæвæрд цæуынц ахæм хорзæхтæ:

бузныджы фыстæг;

кады грамотæ;

Кады фæйнæгмæ, Кады чиныгмæ бахæссын;

æхцайы преми;

лæварæй схорзæхджын кæнын;

зынаргъ лæварæй схорзæхджын кæнын;

номыл хæцæнгарзæй схорзæхджын кæнын;

æмгъуыдæй раздæр классон цин раттын кæнæ радон классон цинæй иу къæпхæн уæлдæр цин ратттын;

«Республикæ Хуссар Ирыстоны прокуратурæйы органты æнаипп службæйы тыххæй» риуылдарæн нысанæй схорзæхджын кæнын;

«Республикæ Хуссар Ирыстоны прокуратурæйы органты æнаипп службæйы тыххæй» риуылдарæн нысанæй схорзæхджын кæнын Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуроры грамотæ раттынимæ иумæ.

2. Уæлдай сгуыхтдзинад равдисæг кусджытæ гæнæн ис æмæ бавдыст æрцæуой Республикæ Хуссар Ирыстоны сгуыхт юрист» - ы кадджын ном сын схай кæнынмæ æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны паддзахадон хорзæхтæй схорзæхджын кæнынмæ.

3. Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурорæн йæ бон у æмæ снысан кæна ацы уацы 1 пунткы фыст чинæ ис, ахæм хорзæхтæ.

4. «Республикæ Хуссар Ирыстоны прокуратурæйы æнæаипп куысты тыххæй» æмæ «Республикæ Хуссар Ирыстоны прокуратурæйы кадджын кусæг»-ы риуылдарæн нысæнтты тыххæй уагæвæрдтæ фидар кæны Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурор.

5. Кусджыты хорзæхджын кæныны тыххæй пайда цæуы хорзæхджын æмæ лæвæрттæ кæныны фонды фæрæзтæй.

6. Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурорæн йæ бон у пайда кæна ацы уацы нысангонд хорзæхтæй, прокуратурæйы органты кусæг чинæ у, фæлæ Республикæ Хуссар Ирыстоны закъондзинад æмæ прокуратурæйы системæйы рæзтæн цæстыахадгæ ахъаз чи кæны, ахæм адæймæгты.

**50 уац. Дисциплинарон бæрндзинад**

1. Кусджытæ сæ службæйон хæстæ рæстмæ куынæ сæххæст кæной кæнæ прокуророн кусæджы намыс чи æгад кæны, ахæм ракæндтæ куы саразой, уæд Генералон прокурорæн бар ис йæ дæлбар кусджыты бадома ахæм хуызы:

уайдзæф;

дзырдæфхæрд;

карз дзырдæфхæрд;

классон цин фæныллæгдæр кæнын;

«Республикæ Хуссар Ирыстоны прокуратурæйы æнæаипп куысты

тыххæй» риуылдарæн нысан айсын;

«Республикæ Хуссар Ирыстоны прокуратурæйы кадджын кусæг»-ы»

риуылдарæн нысан айсын;

службæйæн æххæстæй æнæбæззоны тыххæй бафæдзæхсын;

бæрнон бынат фæкъаддæр кæнын;

прокуратурæйы органты куыстæй ссæрибар кæнын.

2. Горæты, районы, æфсæддон прокурортæн бар ис дисциплинарон æгъдауæй бадомой уайдзæф, дзырдæфхæрд, карз дзырдæфхæрды хуызы,

3. Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурор бæлвырд кæны структурон дæлхæйтты æххæстбартæ сæ дæлбар кусджыты дисциплинарон æгъдауæй бадомын, афтæ ма Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурормæ азымджынты бафхæрыны тыххæй æмбæлон фæндæттæ бафдисыны сæраппонд.

4. «Республикæ Хуссар Ирыстоны прокуратурæйы кадджын юрист»-ы кадджын ном, кæнæ Республикæ Хуссар Ирыстоны уæлдæр хорзæхтæ кæмæн ис, прокуратурæйы органты уыцы кусджытæн сæ куыстæй сæ ссæрибар кæныны хуызы дисциплинарон æфхæрд рахæссæн ис сæрмагонд уавæрты Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуратурæйы Коллегийы фæндонмæ гæсгæ.

5. Дисциплинарон æфхæрд хаст цæуы раконд бафиппайыны фæстæ уайтагъддæр, йæ бафиппайынæй йыл мæйæ фылдæр куыд нæ рацæуа, кусæгæн йæ рынчыны кæнæ йæ улæфты æмгъуыдтæ æнæ нымайгæйæ.

6. Дисциплинарон æфхæрдæн рахæссæн нæй кусæджы рынчыны кæнæ йæ улæфты æмгъуыды рæстæджы.

7. Дисциплинарон æфхæрд хъуамæ рахастæуа раконды бонæй æхсæз мæйы, ревизи кæнæ басгæрсты фæстиуджытæм гæсгæ та йæ саразынæй дыууæ азæй фылдæр куыднæ рацæуа, афтæ.

8. Раконд чи сарæзта, уыцы кусæг гæнæн ис æмæ иуварсгонд æрцæуа йæ куыстæй рæстæгмæ (фæлæ иу мæйы æмгъуыдмæйæ фылдæр нæ) дисциплинарон æфхæрд рахæссыны тыххæй фарст аскъуыддзаг кæныны боны уонг.

Куыстæй аиуварс кæныны хъуыддаг æххæст цæуы Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуроры барамындмæ гæсгæ.

**50.1 уац. Арæнæвæрдтæ æмæ бардæвæрдтæ нæ æххæст кæныны, интересты ныхмæлæуд кæнæ йæ банывыл кæныны домæнтæ æмæ коррупцийы ныхмæ æвæрд хæстæ нæ æххæст кæныны тыххæй æфхæрдтытæ**

1. Фæлгæттæ, гæрæнтæ æмæ бардтæ кусæг кæй нæ æххæст кæны, интересты ныхмæлæуд кæнæ йæ банывыл кæныны домæнтæ æмæ коррупцийы ныхмæ ацы Закъоны, Республикæ Хуссар Ирыстоны Закъон «Коррупцийы ныхмæ» æмæ

æндæр закъонты ныхмæ æвæрд хæстæ кæй не 'ххæст кæны, уый тыххæй æвæрд цæуынц, ацы Закъоны 50 **уац**мæ гæсгæ цы домæнтæ ис, уыдон.

2. Кусæгæн коррупцион фыдракæнд куы ' рцæуа, уæд ын æфхæрд æххæст кæныны тыххæй акты ацы уац æвдыст цæуы куыд æфхæрд æххæст кæныны бындур.

**50.2 уац.** Æуузнкдзинады фесæфты фæдыл куыстæй ист

1. Республикæ Хуссар Ирыстоны нормативон барадон акттæм гæсгæ, прокуратурæйы органты службæ кæныны фарстатæ цы регламент кæны, уыцы уагæвæрдмæ гæсгæ, кусæг йæ куыстæй ссæрибар кæнæн ис, æуузнк кæй фесæфт, уый тыххæй ахæм цауты:

кусæг куы нæ райса мадзæлттæ, цæмæй ма æруадза кæнæ аиуварс кæна интересты конфликт, кæцыйы фарсы хайад исы;

кусæг йæ æфтиæгты, хæрдзты, исбоны æмæ исбонимæ баст хæслæвæрдты тыххæй, афтæ ма йæ цардæмбалы æмæ æнахъом сывæллæтты æфтиæгты, хæрдзты, исбоны æмæ мулчы домæнты тыххæй зонгæйæ мæнг кæнæ æнæххæст зонæнтæ куы радта;

кусæг куы иса фидгæ бындурыл хайадист коммерцион организацийы разамонæг органы архайды, закъонмæ гæсгæ фидаргонд цы у, уыдонæй уæлдай;

кусæг амалиуæггæнæг архайды æххæсткæнынад куы æххæст кæна;

кусæджы бахаст разамынддæттæг органты скондмæ, аудæг кæнæ цæстдарæг цæдистæм, фæсарæйнаг æнæкоммерцион организациты æндæр оргæнтæм æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны территорийыл чи кусы, уыдоны структурон дæлхайæдтæм бацæуын, кæд æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны æппæтадæмон

бадзырд кæнæ Республикæ Хуссар Ирыстоны закъонæвæрынадмæ гæсгæ æндæр хуызы нысангонд куы не 'рцæуа, уæд.

Республикæ Хуссар Ирыстоны территорийыл архайæг фæсарæйнаг æнæкоммерцион æнæхицауадон организациты, попечительон советтæм кæнæ цæстдарæн советтæм, æндæр органтæм æмæ сæ структурон хайæдтæм кусæджы бахаст, Республикæ Хуссар Ирыстоны æхсæнадæмон бадзырды кæнæ Республикæ Хуссар Ирыстоны закъондæттынады æндæр ницы нысангонд у, уæд.

2. Прокуратурæйы оргæны бæрнон кусæг кæцы базыдта, йæ дæлбар кусæгмæ сæрмагонд интерестæ кæй сæвзæрд, кæцытæ æркæнынц кæнæ гæнæн ис æркæной интересты конфликтмæ, уыдон куыстæй ист æрцæуæнт, æууæнк кæй нал ис, уый тыххæй, афтæ ма, йæ дæлбар кусæг цы интересты конфликт у, уый цæмæй ахæм интересты конфликт ма руадзыны æмæ (кæнæ) аиуварс кæныны мадзæлттæ куы нæ райса, уæд, закъонмæ гæсгæ æххæстгонд æгъдауæй Республикæ Хуссар Ирыстоны прокуратурæйы лæггад кæныны фарстатæм гæсгæ.

**50.3 уац. Коррупцион æгъдаухалæнты тыххæй æфхæрд æххæст кæныны фæтк**

1. Ацы Закъоны 50.1 æмæ 50.2 уацты нысангонд æфхæрдтæ æххæстгонд цæуынц ацы Закъоны 50 уацы 2–8 пунктты нысангонд уагæвæрдмæ гæсгæ, ацы статьяйы нысангонд хицæндзинæдтæ хынцгæйæ.

2. Ацы Закъоны 50.1 æмæ 50.2 уацты рагзагъд æфхæрдтытæ æххæстгонд цæуынц басгæрсты фæстиуджыты Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуроры хыгъдлæвæрд уынаффæйы бындуры фæдыл. Кусæджы разыдзинадæй æмæ коррупцион фыдракæнд саразыны фактыл куы басæтта, æууæнчы сæфтимæ баст куыстæй сисыны йеддæмæ, гæнæн ис, æмæ ист æрцæуа Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуроры æххæстбарджын бæрнон кусæджы

хыгъдлæвæрды бындурыл коррупцион фыдракæнд саразыны тыххæй, йæ сæххæст кæныны фактон уавæртæ дзы æвдыст кæм цæуынц, уый æмæ ахæм кусæджы фысгæ æмбарынгæнæн бындурыл.

3. Ацы Закъоны 50.1 æмæ 50.2 уацты рагзагъд æрцыдтытæ пайдагæнгæйæ, хынцынц, нымад цæуы, кусæг цы коррупцион фыдракæнд сарæзта, уый хуыз.кусæг цы коррупцион фыдракæнд сарæзта, уый характер, йæ карздзинад, цы уавæрты æрцыд арæзт, кусæджы æндæр арæнæвæрдтæ æмæ тобæтæ, интересты конфликт аиуварс кæныны кæнæ йæ æрбæстон кæныны домæнтæ æмæ коррупцийы ныхмæ тохы нысанæн цы хæстæ æвæрд æрцыд, уыдон æххæст кæнын, афтæ ма кусæджы раздæры куысты хæстæ куыд æххæстгонд цæуынц, уый размæйы фæстиуджытæ.

4. Кусæгæн гæнæн ис æмæ æфхæрд æрцæуа уайдзæфы кæнæ дзырдæфхæрды хуызы, кæд æмæ йæ сарæзт коррупцион фыдракæнд у чысыл.

5. Ацы Закъоны 50.1 æмæ 50.2 уацты рагзагъд æфхæрдтæ æххæстгонд цæуынц æхсæз мæйæ фæстæдæр, кусæг коррупцион фыдракæнд кæй сарæзта, уый тыххæй информаци райсыны бонæй уайтагъддæр, кусæгæн йæ рынчыны кæнæ йæ улæфты æмгъуыдтæ æнæ нымайгæйæ æмæ йæ коррупцийы фыдракæнды сарæзты бонæй æртæ азæй фылдæр куыд нæ рацæуа.

6. Æфхæрд райсыны акты кусæгмæ коррупцион æгъдаухæлд куы 'рцæуа, уæд æфхæрд райсыны бындурыл амынд цæуы ацы Закъоны 50.1 кæнæ 50.2 уац.

7. Æфхæрдты хæсанæйы акты къопи кусæгмæ коррупцион æгъдаухалæны амындимæ æмæ нормативон барадон акттæ, кæцыты уагæвæрдтæ хæлд æрцыдысты, кæнæ ахæм æфхæрд æххæст кæныныл не сразы уæвыны тыххæй, æвдисгæйæ аххосæгтимæ, лæвæрд цæуы кусæгæн къухфыстмæ гæсгæ æмбæлон акт рауадзыны бонæй фондз боны дæргъы.

8. Кусæгæн ис æфхæрд бахъаст кæныны бар фысгæйæ бæлвырд фæткмæ гæсгæ.

9. Æфхæрд райсыны бонæй иу азы дæргъы кусæг дисциплинарон æфхæрд куы нæ баййафа, ацы Закъоны 50-æм уацы 1-аг пункты рагзагъд уагæвæрды, прокуратурæйæ ссæрибар кæнынæй дарддæр, кæнæ ацы Закъоны 50.1 уацы æфхæрд, уæд æфхæрд кæмæ нæй, ахæмыл нымад у.

**51 уац. Прокурортæ æмæ фæдысгарджыты уголовон æмæ административон бæрндзинадмæ æркæныны фæтк**

1. Прокурор кæнæ фæдысгарæджы бархалæн саразыны факт сбæлвырд кæнын, уый фæдыл уголовон хъуыддаг (кæд прокурор кæнæ фæдысгарæджы фыдракæнд аразгæ нæ баййафтæуыд, уæд), фæдысгæрсты кондад байгом кæнын хауынц æрмæстдæр прокуратурæйы органты компетенцимæ.

Прокурор кæнæ фæдысгарæджы ныхмæ бакond уголовон хъуыддаг басгарыны æмгъуыдмæ уыдон иуварсгонд цæуынц сæ куыстæй. Кусæг йæ куыстæй иуварсгонд цы рæстæджы у, уыцы рæстæджы йын фыст цæуы мызд йæ куысты оклад, йæ классон цин æмæ бакуыст азты тыххæй йæм цас æмбæлы, уыйбæрц.

2. Прокур кæнæ фæдысгарæджы бауромын, æрбакæнын, хисæрмагондæй басгарын, сæ дзаумæттæ æмæ цы транспортæй пайда кæнынц, уый сгарыны бар нæй.

**52 уац. Прокуратурæйы органты службæйы фæуд**

1. Прокуратурæйы органты службæ фæуд кæны прокуророн кусæджы ссæрибар кæнгæйæ.

Республикæ Хуссар Ирыстоны территорийыл архайæг фæллойадон закъондæттынады нысангонд бындуртæй дарддæр ма прокуророн кусæг йæ куыстæй гæнæн ис æмæ сæрибар æрцæуа куыстуæгъды ацæуыны фæстиуæгæн

æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуроры хъæппæрисæй, кæд æмæ:

1) прокуророн кусæг бахæццæ ис прокуратурæйы органты уæвыны æппæты хистæр кармæ;

2) нал у Республикæ Хуссар Ирыстоны æмбæстаг;

3) фехæлдта прокуроры (фæдысгарæджы) ардбахæрд, афтæ ма сарæзта, прокуророн кусæджы намыс æгад чи кæны, ахæм ракæндтæ;

4) ахызт йæ службæимæ баст фæлгæттæй, афтæ ма фæзынд прокуратурæйы органты службæйы тыххæй Республикæ Хуссар Ирыстоны нормативон барадон актты нысангонд æндæр уавæртæ;

4.1) æууæнк фесафта ацы Закъоны 50.2 уацмæ гæсгæ;

4.2) дисциплинарон æфхæрды хуызы йæ бынаты фæныллæг кæныны тыххæй æндæр бынатмæ рацæуыныл разы кæй нæу, уый тыххæй;

5) рахъæр кодта паддзахадон сусæгдзинад æмæ закъон кæй хъахъхъæны, æндæр ахæм зонæнтæ.

6. Прокуратурæйы органты кусджыты куысты уæвыны æппæты хистæр кар у 60 азы.

Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуроры бавдыстмæ гæсгæ Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуратурæйы коллегийы фæндонæй прокуратурæйы органты кусджытæй йæ иууыл хистæр кармæ чи бахæццæ, фæлæ классон цинтæ кæмæн ис, уыдонæн гæнæн ис æмæ сæ куысты уæвыны æмгъуыд дарддæргонд æрцæуа. Службæйы уæвыны æмгъуыд иу хатт афæдзы æмгъуыдмæйæ фылдæр дарддæргонд нæ цæуы.

65 азы кары бацæуæг кусæджы службæйы уæвыны æмгъуыд дарддæргонд нæ цæуы. Бацамынд кары цы кусæг бацыд, уымæн прокуратурæйы органты йæ бон йæ куыст адарддæр кæнын у фæллойадон бадзырды бындурыл, ацы Закъоны 57 уацы 1 пункты куыд фыст у, афтæ йын йæ æхцайы ифтонгад æххæстæй бахъахъхъæнгæйæ.

3. Куыстуæгъды ацæуыны бар ис прокуратурæйы органты прокуроргæ æмæ фæдысгарджытæн. Куыстуæгъды ацæуыны бындуртæ сты:

а) ацы Закъоны 57 уацы 2 пункты куыд фыст у, афтæ пенсийы ацæуын;

б) паддзахадон орган кæнæ уæлдæрлæуууæг къухдариуæггæнæджы фæндæттæ кæнæ архайдтытимæ æнæразыдзинад.

Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуроры куыстуæгъд нымад цæуы райстуæвæгыл Республикæ Хуссар Ирыстоны Парламент уый фæдыл фæндон куы рахæсса, уæд.

Иннæ прокуроргæ æмæ фæдысгарджыты куыстуæгъд нымад цæуы райстуæвæгыл Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурор уый фæдыл фæндон куы рæхæсса, уæд.

Прокуророн кусæджы фæллойадон чиныджы фыст цæуы йæ фæстаг бæрнады тыххæй «куыстуæгъды» бацамонинагимæ.

**53 уац. Депутаттæм кæнæ сæвзаргæ бæрнон куыстмæ сæвзæрст**

**кусæджы гарантитæ**

Депутаттæм кæнæ æвзаргæ паддзахадон хицауад кæнæ бынæттон хæдразамынад æмæ æндæр органты бæрнон куыстмæ сæвзæрст кусæгæн урæд цæуы прокуратурæйы органты йе службæ, цалынмæ уыцы æххæстбартæ æххæст

кæныны æмгъуыд нæ фæуа, уæдмæ. Уыцы æххæстбарты фæуды кусæгæн йæхи фæндонмæ гæсгæ лæвæрд цæуы йæ раздæры бæрнон куыст, уый куынæ уа, уæд та уый æмсæр куыст йæ раздæры службæйы бынаты науæд та йæхи разыйæ æндæр бынаты. Бацамынд æмгъуыд кусæгæн хаст цæуы йæ иумæйаг фæллойадон стажмæ æмæ куысты азтæм. Уый йын дæтты радон классон цин, бакуыст азты тыххæй уæлæмхас бафыст, уæлæмхас улæфты æмгъуыд æмæ бакуыст азты тыххæй пенси райсыны бар.

**54 уац. Прокуратурæйы органтæ æмæ уагдæтты службæйы фæуд**

Фæмардуæвджытæ (амæлæг), афтæ ма æбæрæг аххосæгтæм гæсгæ бынаты чинæ ис, снысангонд уагмæ гæсгæ ахæмтыл нымад кусджытæ ист цæуынц прокуратурæйы органты номхыгъдæй Республикæ Хуссар Ирыстоны территорийыл архайæг закъондæттынады æвæрд фæткыл.

**55 уац. Прокуратурæйы органты службæ, бæрнон бынат æмæ классон цин раздахын**

1. Æнæзакъонæй ссæрибаргонд, æнæзакъонæй æндæр бынатмæ æрвыстыл, кæнæ сæ классон цинтæ æнæзакъонæй истыл банымад цы кусджытæн æрцыдысты, уыдон хъуамæ нысангонд æрцæуой прокуратурæйы органты сæ раздæры службæмæ, æнæбархийæ куыстæй цы фæцух кодтой, уый хаст цæуы иумæйаг фæллойадон стажмæ æмæ сын радон классон цин схай кæнын, бакуыст азты тыххæй уæлæмхас бафыст райсын, уæлæмхас улæфты æмгъуыд æмæ бакуыст азты тыххæй пенсии райсыны бар дæттæг бакуыст азтæм.

**56 уац. Кусджыты профессионалон æгъдауæй цæттæ æмæ сын сæ дæсныйад уæлдæр кæнын**

1. Прокуроргæ æмæ фæдысгарджытæн сæ дæсныйад уæлдæр кæнын у сæ службæйон хæс. Ахуыр æмæ профессионализммæ сæ ахаст хынцыдæуы

иу кæнæ иннæ прокурор кæнæ фæдысгарæг йæ куысты бынатæн бæззон у æви нæ, уый, йæ хорзæхджын кæнын æмæ йæ службæйы размæ кæныны фарстытæ скъуыддзаг кæнгæйæ.

2. Аспирантурæйы боныгон хайадмæ ист прокуророн кусæг сæрибар цæуы йæ куысты бынатæй æмæ æрвыст цæуы йæ ахуыры бынатмæ йæ куысты оклад, классон цин æмæ бакуыст азты тыххæй уæлæмхас бафыстытæ йын бахъахъхъæнгæйæ.

Аспирантурæйы боныгон хайады ахуыры æмгъуыд прокуророн кусджытæн æфтыд цæуы, радон классон цин, бакуыст азты тыххæй уæлæмхас бафыстытæ райсын æмæ пенсийы ацæуыны фадат сын дæттæг бакуыст азтæм, прокуратурæйы органты æмæ уагдæтты ногæй сæ куыстмæ баздæхыны баримæ. Сæ куыстмæ сæ ногæй хъуамæ айстæуа боны хайады аспирантурæйы сæ ахуыр фæуынæй иу афæдзæй фылдæр куыднæ рацæуа, афтæ.

**57 уац. Прокуророн кусджыты материалон æмæ социалон ифтонгкæнынад**

1. Прокуророн кусджыты æхцайы ифтонгад конд у куысты окладæй;

классон цины, бакуыст азты сæрмагонд уавæрты, службæйы сæрмагонд уавæрты тыххæй (куысты оклады 50 проценты бæрц), службæйы вазыгджындзинад, æндыгъддзинад æмæ стыр æнтыстыты (куысты оклады 50 проценты бæрц) тыххæй уæлæмхас бафыстытæй; зонадон къæпхæн æмæ йæ бæрнон хæсты æмсæр зонадон кадджын ном, «Республикæ Хуссар Ирыстоны сгуыхт юрист»-ы зонадон кадджын номы тыххæй процентон бафтауинæгтæй; квартал æмæ афæдзы службæйы фæстиуджыты тыххæй премитæй; Республикæ Хуссар Ирыстоны нормативон-барадон актты нысангонд æндæр бафыстытæй.

Службæйы вазыгджындзинад, æндыгъддзинад æмæ стыр æнтыстыты тыххæй уæлæмхас бафыст нысангонд цæуы Генералон прокуроры фæндонмæ гæсгæ алы

прокуророн кусæджы куысты гуырахст æмæ службæйы фæстиуджытæ хынцгæйæ.

Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокурорæн æхцайы хорзæхтæ нысан кæны Республикæ Хуссар Ирыстоны Президент.

Прокуророн кусджыты куысты окладтæ нысан кæны Республикæ Хуссар Ирыстоны Хицауад Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуроры бавдыстмæ гæсгæ.

Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуратурæйы прокуророн кусджытæй хицæн бынæтты рæстæгмæ чи кусы, афтæ ма Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуратурæйы паддзахадон æмбæстагон службæ рæстæгмæ чи æххæст кæны, уыдонæн Республикæ Хуссар Ирыстоны Президент гæнæн ис æмæ снысан кæна æрвылмæйон æхцайы хорзæхтæ.

Классон цинтæй алкæцыйы тыххæй дæр уæлæмхас бафыстытæ лæвæрд цæуынц æрвылмæй æмæ нысангонд цæуынц прокуророн кусæджы куысты оклады процентты гæсгæ ахæм нымадæй:

юстицийы 1 классы уынаффæгæнæг – 30 проценты;

юстицийы 2 классы уынаффæгæнæг – 27 проценты;

юстицийы 3 классы уынаффæгæнæг – 25 проценты;

юстицийы хистæр уынаффæгæнæг – 21 процент;

юстицийы уынаффæгæнæг – 20 проценты;

юстицийы кæстæр уынаффæгæнæг – 19 проценты;

1 классы юрист – 18 проценты;

2 классы юрист – 17 проценты;

3 классы юрист – 16 проценты;

Бакуыст азты тыххæй уæлæмхас бафыстытæ лæвæрд цæуынц æрвылмæй æмæ нысангонд цæуынц прокуророн кусæджы куысты оклад æмæ классон цины тыххæй бафыстытæй процентты гæсгæ ахæм нымадæй:

2 азæй 5 азмæ – 20 процентты;

5 азæй 10 азмæ – 35 процентты;

10 азæй 15 азмæ – 45 процентты;

15 азæй 20 азмæ – 55 процентты;

20 азæй уæлæмæ – 70 процентты.

Зонадон къæпхæн æмæ зонадон номы тыххæй процентон бафтауæнтæ фыст цæуынц зонады кандидаттæ кæнæ доценттæн сæ куысты оклады 5 процентты, зонады дохтыртæ æмæ профессортæн – куысты оклады 10 процентты, «Республикæ Хуссар Ирыстоны сгуыхт юрист»-ы кадджын номы тыххæй куысты оклады 10 процентты бæрц.

Прокуророн кусджытæн премитæ фыст цæуынц квартал æмæ афæдзы службæйы фæстиуджытæм гæсгæ, афтæ ма иннæ кусджыты куыстмызд фыст цæуы æххæстгæнæг хицауады кусджыты тыххæй æвæрд нормæтæм гæсгæ.

2. Прокурортæ æмæ фæдысгарджыты пенсион ифтонгад æххæст цæуы мидхъуыддæгты органты службæ хæсджытæ æмæ сæ бинонты тыххæй Республикæ Хуссар Ирыстоны закъондæттынадæй æвæрд уавæртæ, нормæтæ æмæ фæткмæ гæсгæ.

Ацы пункты фыст куыд у, афтæ 20 азæй къаддæр йæ бакуысты азтæ кæмæн не сты, æндæр пенси чинæ исы, æмæ пенсион ифтонгады бар кæмæн ис, уыцы прокуроргæ æмæ фæдысгарджытæн æфтыд цæуы се ‘хцайы ифтонгадмæ æрвылмæйон æфтуан, цы пенси сын хъуамæ æрцыдаид нысангонд, уымæн йæ 50 проценты бæрц.

Ацы пункты нысангонд куыд у, афтæ пенсион ифтонгады бар кæмæн ис, уыцы прокуроргæ æмæ фæдысгарджытæн куыстæй ацæуыны рæстæджы фыст цæуы сæ ацыды ифтонгад:

а) пенсийы;

б) куыстуæгъды;

в) прокуратурæйы органты уæвыны æппæты хистæр кармæ

бацæугæйæ;

г) æнæниздзинады уавæр кæнæ сахъатдзинады тыххæй;

д) организацион-штатон мадзæлтты фæстиуæгæн.

Ацы пункты нысангонд пенсион ифтонгады бар кæмæн нæй, уыцы прокуроргæ æмæ фæдысгарджытæн ацыды ифтонгад фыст цæуы æрмæстдæр ацы пункты дæлпункттæ «г» æмæ «д»-йы нысангонд бындурыл.

Прокуроргæ æмæ фæдысгарджытæн ацыды ифтонгад фыст цæуы бакуысты æххæст азты тыххæй ахæм нымадæй:

10 календарон азæй къаддæр – 2,5 мæйы куысты оклады классон цины тыххæй уæлæмхас бафыстимæ;

10-æй 15 календарон азмæ – 5 мæйы куысты оклады классон цины тыххæй уæлæмхас бафыстимæ;

15-æй 20 календарон азмæ – 7,5 мæйы куысты оклады классон цины тыххæй уæлæмхас бафыстимæ;

20 календарон азы æмæ уымæй фылдæр – 10 мæйы куысты оклады классон цины тыххæй уæлæмхас бафыстимæ.

Прокуророн кусджытæ сæ ацыды фæстæ прокуратурæйы органтæм службæ кæнынмæ дыккаг хатт куы æрбацæуой, уæд сын ифтонгад фыст цæуы раздæр сын куысты оклад æмæ классон цины тыххæй уæлæмхас бафыстытæ нымайгæйæ цы ифтонгад фыст æрцыд, уый хынцгæйæ, уыцы нымæцы æндæр органты службæйы тыххæй дæр.

Æндæр прокуророн кусджытæн сæ пенсион ифтонгад æххæст цæуы паддзахадон службæгæнджыты пенсион ифтонгады тыххæй закъондæттынадимæ æмразыйæ.

3. Прокуророн кусджытæ службæйы хæстæ æххæстгæнгæйæ Республикæ Хуссар Ирыстоны Хицауады сбæлвырдгонд фæткыл ифтонг цæуынц прокуратурæйы органтæ æмбæлон транспортон организацитæй кæй балхæнынц, уыцы фæндагон документтæй горæты, горæтгæрон æмæ бынæттон бастдзинады иумæйаг транспорты æппæт хуызтыл (таксийæ дарддæр) цæуыны тыххæй.

Прокуророн кусджытæ службæйон командировкæты æрвыст куы ‘рцæуынц, уæд пайда кæнынц уазæгдæтты рагацау кæнæ æнæрадæй бынæттæ райсын æмæ æппæт хуызты транспорты фæндагон документтæ райсыны барæй.

4. Прокурортæ æмæ фæдысгарджытæн ис уæлæмхас цæрæн фæзуат райсыны бар.

Прокурортæ æмæ фæдысгарджытæй йæ цæрæнуат фæхуыздæр кæнынхъуаг кæмæн у, уыдон Республикæ Хуссар Ирыстоны закъондæттынады æвæрд нормæтимæ æмразыйæ ифтонг цæуынц Республикæ

Хуссар Ирыстоны Хицауады прокуратурæйы органтæн рахицæнгонд бюджеты фæрæзтæй æлхæд чи æрцыд, ахæм хицæн цæрæн бæстыхæйттæй, Республикæ Хуссар Ирыстоны Хицауады сбæлвырдгонд фæткыл.

Ацы уацы уагæвæрдтæ хынцгæйæ цæрæнуатæй хъуагыл нымад цæуынц Республикæ Хуссар Ирыстоны территориыл архайæг цæрæнуатон закъондæттынады æвæрд домæнтæ æмæ нормæтæм гæсгæ цæрæнуатæй ифтонг чи нæ у, уыцы прокурортæ æмæ фæдысгарджытæ.

Прокурортæ æмæ фæдысгарджытæн бар ис цæрнæуæттæ æххуырсыны (дæлæххуырсты райсыны) тыххæй компенсаци райсыны бар, цалынмæ сын снысангонд фæткыл бæстонæй цæрынæн цæрæнуат лæвæрд æрцæуа, уæдмæ.

5. Прокурортæ æмæ фæдысгарджытæ цы бæстыхæйтты цæрынц, уым æнæрадон фæткыл æвæрд цæуы телефон архайæг тарифтæм гæсгæ. Ахæм фæткыл лæвæрд цæуы бынæттæ прокурортæ æмæ фæдысгарджыты сывæллæттæн скъолайы агъоммæйы уагдæтты, скъола-интернатты, сæрдыгон-æнæнизгæнæн уагдæтты дæр.

6. Кусджытæн æмæ семæ цæрæг бинонтæн медицинон лæггæдтæ (уыцы нымæцы хостæй ифтонгад) конд цæуынц бюджеты хардзæй.

7. Прокурортæ æмæ фæдысгарджытæй ацы уацы 2 пунктимæ æмразыйæ пенсийы ацæуыны тыххæй йæ куыстæй чи ацыд, уыдон пайда кæнынц ацы уацы 3 пункты фыст социалон бартæ æмæ гарантитæй пенсион бæлвырдгæнæн бавдисгæйæ.

Пенси исæг прокуророн кусджытæ, афтæ сæ бинонтæ, сæ ныййарджытæ, се ‘мкъæйттæ æмæ фæмардуæвæг (амæлæг) прокуророн кусджыты æнахъом сабитæн медицинон лæггæдтæ конд цæуынц ацы уацы 6 пунктимæ æмразыйæ хыгъды кæм лæуыдысты, уыцы хосгæнæн уагдæтты.

## 58 уац. Прокуроргæ æмæ фæдысгарджытæн барадон æмæ социалон æххуысы мадзæлттæ

Прокуроргæ æмæ фæдысгарджытæ паддзахадон минæвæрттæ уæвгæйæ, сæрмагондæй хъахъхъæд цæуынц паддзахады ‘рдыгæй. Афтæ хъахъхъæд цæуынц се ‘ввахс хиуæттæ, хицæн уавæрты та прокуроргæ æмæ фæдысгарджыты закъонон архайд бакъуылымпы кæныны, науæд та сæ уый уаг фæивыны нысанæн, кæнæ сæ уыцы архайды тыххæй мастисынæн сæ цард, æнæниздзинад æмæ исадмæ кæмæн ныхылдæуы, æндæр ахæм адæймæгтæ дæр. Афтæ хъахъхъæд цæуы бацамынд цæсгæмттæн сæ исад дæр.

Прокуроргæ æмæ фæдысгарджыты паддзахад куыд хъахъхъæны, уый фæтк æмæ уавæртæ нысангонд цæуынц Республикæ Хуссар Ирыстоны территорийыл архайæг закъондæттынады, афтæ ма Республикæ Хуссар Ирыстоны æндæр нормативон барадон актты.

Республикæ Хуссар Ирыстоны прокуратурæйæн ис кусджыты сæрмагонд æдасдзинад æмæ физикон хъахъхъæнынад ифтонг кæныны службæ.

2. Сæ службæ æххæст кæнгæйæ фæмардуæвæг (амæлæг), афтæ ма сæ службæйон хæстæ æххæстгæнгæйæ сæ буары цæфтæ кæнæ се ‘нæниздзинадæн æндæр ракæнгæ зиæнтты аххосæй службæйæ ацæуыны фæстæ чи амард, уыцы прокуроргæ æмæ фæдысгарджыты зиан бавæрыны мадзæлттæ æххæст цæуынц прокуратурæйы органтæн рахицæнгонд фæрæзтæй.

3. Прокурортæ æмæ фæдысгарджытæн ис хи бахъахъхъæныны нысан кæмæн ис, ахæм хæстон армыдаргæ æхсæн хæцæнгæрзтæ æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны закъондæттынады нысангонд фæткмæ гæсгæ пайдагонд кæмæй цæуы, ахæм сæрмагонд фæрæзтæ æдзух хæссын æмæ сæ дарыны бар.

Уыцы хæцæнгæрзты хуызтæ æмæ модельтæ æмæ прокуратурæйы органтæн сæ балхæныны фæтк нысан кæны Республикæ Хуссар Ирыстоны Хицауад.

4. Прокурортæ æмæ фæдысгарджытæ хъуамæ цæуой æнæмæнг хисæрмагонд фæдзæхстгонд сæ астæуккаг мæйон æхцайы ифтогад 100 хаттон бæрцæй.

5. Паддзахадон фæдзæхстады органтæ дæттынц фæдзæхстады бафыстытæ ахæм уавæрты:

1) фæмардуæвæг (амæлæг) прокурор кæнæ фæдысгарæгæн куысты æмгъуыды кæнæ куыстæй ацæуыны фæстæ, кæд æмæ уый æрцыд сæ службæйон архайды рæстæджы буары цæфтæ райсыны кæнæ æнæниздзинадæн æндæр зиæнттæ ракæныны аххосæй, - сæ бындартæн прокурор кæнæ фæдысгарæджы астæуккаг мæйон æхцайы ифтонгад 100 хаттон бæрцæй.

2) кæд прокурор кæнæ фæдысгарæг сæ службæйон архайды рæстæджы райстой буары цæфтæ кæнæ се ‘нæниздзинадæн рачындæуыд æндæр зиæнттæ æмæ сын уый аххосæй нал ис профессионалон архайд адарддæр кæныны фадат, - астæуккаг мæйон æхцайы ифтонгад 36 хаттон бæрцæй.

3) прокурор кæнæ фæдысгарæг сæ службæйон архайды рæстæджы буары цæфтæ райсгæйæ кæнæ се ‘нæниздзинадæн æндæр зиæнттæ ракæнгæйæ кæд нæ фесæфтой сæ куыстхъомдзинад æмæ уый нæ бандæвта сæ дарддæры профессионалон архайдыл, - се ‘рвылмæйон æхцайы ифтонгад 12 хаттон бæрцæй.

Кæд æмæ прокурор кæнæ фæдысгарæгæн сæ службæйон архайды рæстæджы буары цæфтæ райсыны кæнæ æнæниздзинадæн æндæр зиæнттæ ракæныны аххосæй нал ис профессионалон архайд адарддæр кæныны фадат, уæд сын æрвылмæй дæр фыст цæуы компенсаци астæуккаг мæйон æхцайы ифтонгад æмæ сын уый фæдыл рафыст пенсийы æхсæн баззайæггаджы бæрц, æнæмæнг паддзахадон фæдзæхстады бафыстытæ нæ хынцгæйæ.

Сæ службæ æххæст кæнгæйæ фæмардуæвæг (амæлæг), афтæ ма сæ службæйон хæстæ æххæстгæнгæйæ сæ буары цæфтæ кæнæ се нæниздзинадæн æндæр зиæнттæ ракæныны аххосæй службæйæ ацæуыны фæстæ чи амард, уыцы прокурортæ æмæ фæдысгарджытæн сæ бинонтæй куыстхъом чи нæ у æмæ се ‘вджид чи уыд, уыдонæн æрвылмæй дæр фыст цæуы компенсаци фæмардуæвæджы (амæлæджы) æхцайы ифтонгадæй сæм цы хай хауд, уый æмæ сын сæ дарæг фæхъæуыны тыххæй цы пенси нысангонд æрцыд, уыдон æхсæн баззайæггаг, æнæмæнг паддзахадон фæдзæхстады бафыстытæ æнæ хынцгæйæ. Бацамынд æхцайы ифтонгады хай сбæлвырд кæныны тыххæй фæмардуæвæджы (амæлæджы) æрвылмæйон æхцайы ифтонгад дих цæуы йе ‘вджид уæвæг бинонты нымæцыл, уыцы нымæцы куыстхъомтæ дæр.

Фæмардуæвæгæн (амæлæгæн) йæ бинонтæн хъахъхъæд цæуы хæрзвадат цæрæнуат райсыны тыххæй сæ бар прокурор кæнæ фæдысгарæгæн йæ фæмард уæвыны (амæлыны) боны уонг цы уавæртæ æмæ бындуртæ уыди, уыдонмæ гæсгæ.

Прокурор, фæдысгарæгæн кæнæ сæ бинонтæн сæ исадæн цы базиан чындæуыд сæ профессионалон архайды фæстиуæгæн, уый хъуамæ уыдонæн æмæ сæ бинонтæн фыст æрцæуа æххæстæй, уыцы нымæцы сæ фесафгæ æфтиаг дæр, нысангонд фæткыл.

6. Ацы уацы нысангонд чи у, уыцы уавæрты фæдзæхстадон æмæ компенсацион бафыстытæ æруромынæн сæ бындур у æрмæст прокурор кæнæ фæдысгарæджы фæмард уæвыны (амæлæты) аххосджын адæймаджы ныхмæ тæрхондоны рахаст фæндон, ома кæд сбæлвырд ис, уыдонæн сæ буары цæфтæ æмæ сæ исбон скуынæг кæнын кæнæ йын зиан æрхæссыны цаутæ баст кæй не сты сæ службæйон архайдимæ, уæд.

## VI хай. ПРОКУРАТУРÆЙЫ ОРГАНТЫ ОРГАНИЗАЦИ ÆМÆ АРХАЙДЫ ÆНДÆР ФАРСТЫТÆ

### 59 уац. Статистикон хъыгъдлæвæрд

Республикæ Хуссар Ирыстоны Генералон прокуратурæ æндæр æргомыздæхт министрадтæ æмæ ведомствотимæ иумæ аразы фыдракæндты уавæр, уыдон куыд æргом цæуынц, фæдысгарæн куыст æмæ прокуророн цæстдарды хынцынад æмæ статистикон хъыгъдлæвæрды иумæйаг системæ, афтæ ма æвæры прокуратурæйы органты хыгъдлæвæрд бавдисыны иумæйаг фæтк.

### 60 уац. Прокуратурæйы органты финансон æмæ материалонтехникон ифтонгкæнынад

1. Республикæ Хуссар Ирыстоны прокуратурæйы органты архайды финансон ифтонгкæнынад, афтæ ма ацы Закъоны нысангонд кусджыты гарантитæ æмæ компенсацитæ сты Республикæ Хуссар Ирыстоны хардзон хæстæ.

2. Транспортон æмæ техникон фæрæзтæ æмæ формæйон дарæсæй прокуратурæйы органты ифтонг кæны Республикæ Хуссар Ирыстоны Хицауад централизацигонд фæткыл.

### 61 уац. Прокуратурæйы органтæ æмæ уагдæтты мыхуыр

Прокуратурæйы органтæ æмæ уагдæттæн ис мыхуыр Республикæ Хуссар Ирыстоны Паддзахадон гербы ныв æмæ уагдоны æххæст номимæ.

### 62 уац. Ацы Закъоны уæвæг иуæй-иу нæмтты æмбарынад

Ацы Закъоны уæвæг иуæй-иу нæмттæ нысан кæнынц: прокурор: (1 уацы 3 пункты, 3 уацы, 4 уацы 3 æмæ 4 пунктты, 5 уацы 1 æмæ 2 пунктты, 6, 7 æмæ 10 уацты, 19 уацы 1 пункты, 22 æмæ 25 уацты, 28 уацы 1 пункты, 29 уацы, 31 уацы 1 пункты, 32 уацы, 33 уацы 1 – 4 пунктты, 35 уацы, 39 уацы 1 æмæ 5 пунктты, 42 уацы, 44 уацы 4 пункты, 45 уацы, 48 уацы, 51 уацы,52 уацы 3 пункты, 56 уацы 1 пункты, 57 уацы 2, 4, 5 æмæ 7 пунктты, 58 уацы.) – Генералон прокурор, йæ хæдивджытæ, æппæт дæлбарлæууæг прокурортæ, сæ хæдивджытæ, прокурорты хистæр æххуысгæнджытæ æмæ æххуысгæнджытæ, сæ барты фæлгæтты архайæг хистæр прокурортæ æмæ разамынадтæ æмæ хайадты прокурортæ;

классон цинтæ кæмæн ис, уыцы прокуророн кусджытæ – прокурортæ æмæ фæдысгарджытæ, афтæ ма прокуратурæйы органтæ æмæ уагдæтты æндæр кусджытæ.

## VII хай. КÆРОНБÆТТÆН УАГÆВÆРДТÆ

### 63 уац. Нормативон барадон акттæ ацы закъонимæ

### æмразыдзинадмæ æркæнын

Республикæ Хуссар Ирыстоны Президентмæ фæндон бахæссын æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны Хицауадæн бахæс кæнын, цæмæй сæ нормативон барадон акттæ æркæной ацы Закъонимæ æмразыдзинадмæ.

### 64 уац. Ацы Закъонæн йæ тыхы бацыд

Ацы Закъон йæ тыхы цæуы официалонæй йæ ныммыхуыр кæныны бонæй. Ацы Закъонæн йæ тыхы бацæуыны бонæй «Прокуратурæйы тыххæй» 1995 азы 29 сентябры Республикæ Хуссар Ирыстоны Закъон нымад æрцæуæд йæ тыхы чи нал ис, ахæмыл.

Республикæ Хуссар Ирыстоны Президент  Э. Кокойты